Нобэ Налшык щокIуэкI Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и VIII зэхэсышхоэр

ФИФЕ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ЕIЕй ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭР

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№105 (21.513) ● 2009 гъэм мэкъуауэгъуэм (июням) и 5, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр сомы 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Зэлушэхэр

Хэхъуэ кьиту фIэкIэ къагъэсэбэпынцкъым

Москва вэсэмахуэ щызэпсэльащ КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсенрэ Къэрал мылъкум унафэ хуэщIыныкIэ федерал агентствэм и Унафэщ Петров Юрийрэ.

ФЕДЕРАЛЬНЭ мылъкур Урысей Федерацэм, кьапщтэмэ Къэбэрдей-Балъкъэрым, кризисым пэщIэтыным теуХуауэ кьыщыгъэсэбэпыным, агентствэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIэхэм дяпэкIи зэрадэлажьэну щыкIэм тепсэльыхьащ.

Петров Юрий хьакIурэщащ и унафэм щIэт Iэнатlэм и лажьыгъэр Iуэхугъуищым тещIыхьауэ зэраунэтIыр: «Федеральнэ мылъкур хабзэм тету, къэралым и сэбэпынагъ хэлъу, унафэ тэмэм тращIыхьу, хэхъуэ кьиту фIэкIа къагъэсэбэп хьунукъым». Къэбэрдей-Балъкъэрым гу лърагъэтащ къэрал мылъкум унафэ тэмэм игъэубын папщIэ зыхуеину Iуэхугъуэ псори Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщалажьыр. АдэкIэ щыгъуазэ ищIащ республикэм и социально-экономикэ щытыкIэм, КЪБР-м и экономикэр, хьэрычэтыщIэ мыинымрэ курытымрэ дэIыгъын папщIэ нэгъабэ кьыдэгъащIэна, кризисым пощIэт правительствеиз штабым и лажьыгъэм.

А махуэ дыдэм КЪБР-м и Президентыр Iущащ Урысей Федерацэм и Президентым и Администрацэм и унафэщIым и япэ хуэздзэ Сурков Владислав. Республикэм и социально-экономикэ зыужьынигъэм ехьэлIа Iуэхугъуэ куэдым ахэр тепсэльыхьащ. Абы ипкъ иткIэ зэгурыIуэри, хуэфащэн унафэхэр кьащтащ.

ХЬЭГУАРЭ Джамилэ.

● Дыгъуасэ

Кулиев Къайсын и фэеплъ пэкIу

Мэкъуауэгъуэм и 4-м Налшык къаэр Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ уэрамым тет абы и фэеплъым деж пэкIу щыIэзэхтащ. Абы щыхьэIащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Чеченов Ануэр, усакIуэхэр, тхакIуэхэр, КЪБР-м Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым, КъБКъУ-м я дзэжьакIуэхэр, балъкъэр тхакIуэщхуэм и ныбжьыгъуу, къуажэгъуу щытахэр, и благъэхэр, и IыхьлыхэР.

ПэкIУР кьыдэуихащ КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухэныгъэм и тхьэмадэ **Къхъуэлуфэ Хьэчим**. Абы жиIащ Кулиев Къайсын и гъащIэмрэ гуащIэмрэ щыгъуазэ щыхуэхэм ар зэи зэращымыгъупщэнур, ильэс пэпчъ пэкIу зэрагъэкIуэкIыр, тхакIуэм и кIуэжьэм, абы и унэ-нузэйр зэрещIыб Шэджэм кьаагъэ зэрыщIапащэр а гупсысъэм щыхьэт зэрытехьэр.

АдэкIэ псалъэ ираташ Цхинвал кьикIа тхакIуэ, критик, литературовед **Джусойты Нафи.**

- Къайсын и гугъу сщIыну сфIэфIщ, зэчиншхуэ зыбгъэдэль щыхуэу щытащи, ауэ куэдрэ сытепсэльыхьыну кьызохьэлъэкI, езыр кьызэрытхэмытыжьыр си жагъуэщи, - жиIащ абы. - А тхакIуэ, усакIуэ гъэзэджэм и цIэр сыт щыгъуи жаIэнущ. Кьыхэзгъэщыну сыхуейщ Къайсын цыхуэ пэжуикIи ныбжьыгъуфIу зэрыщытар, абы сэ дэсльэгъуащ хьэл-щэн дахэ куэд.

Чеченов Ануар Кулиевым и творчествэм и гугъу щищIым кьыхигъэщащ балъкъэр усакIуэ щэджащэм и усыгъэр ди щIыналъэмы нэгъуэщI щIыпIэхэми яфIэфIу зэрыщащэжыр.

Балъкъэр тхакIуэ **Токумаев Жэгъэфар** Кулиевым псалъэ гуапэ куэд хужиIащ икIи и усэхэм ящыщ зым кьеджащ.

Апхуэдэу Кулиевым и усэхэм дахэу, гъэхуауэ кьеджащ КъБКъУ-м и педколледжым и студентэр.

ПэкIум кьрихьэлIахэм Къайсын и фэеплъым удз гъэгъаэхэр трагъэхащ.

ТАБЫШ Динарэ.



Мэкъуэгъуэгъуэм и 4-м Налшык къаэр Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ уэрамым тет абы и фэеплъым деж пэкIу щыIэзэхтащ. Абы щыхьэIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и Унафэщ Чеченов Ануэр, усакIуэхэр, тхакIуэхэр, КъБР-м Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым, КъБКъУ-м я дзэжьакIуэхэр, балъкъэр тхакIуэщхуэм и ныбжьыгъуу, къуажэгъуу щытахэр, и благъэхэр, и IыхьлыхэР.

ПэкIУР кьыдэуихащ КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухэныгъэм и тхьэмадэ **Къхъуэлуфэ Хьэчим**. Абы жиIащ Кулиев Къайсын и гъащIэмрэ гуащIэмрэ щыгъуазэ щыхуэхэм ар зэи зэращымыгъупщэнур, ильэс пэпчъ пэкIу зэрагъэкIуэкIыр, тхакIуэм и кIуэжьэм, абы и унэ-нузэйр зэрещIыб Шэджэм кьаагъэ зэрыщIапащэр а гупсысъэм щыхьэт зэрытехьэр.

АдэкIэ псалъэ ираташ Цхинвал кьикIа тхакIуэ, критик, литературовед **Джусойты Нафи.**

- Къайсын и гугъу сщIыну сфIэфIщ, зэчиншхуэ зыбгъэдэль щыхуэу щытащи, ауэ куэдрэ сытепсэльыхьыну кьызохьэлъэкI, езыр кьызэрытхэмытыжьыр си жагъуэщи, - жиIащ абы. - А тхакIуэ, усакIуэ гъэзэджэм и цIэр сыт щыгъуи жаIэнущ. Кьыхэзгъэщыну сыхуейщ Къайсын цыхуэ пэжу икIи ныбжьыгъуфIу зэрыщытар, абы сэ дэсльэгъуащ хьэл-щэн дахэ куэд.

Чеченов Ануар Кулиевым и творчествэм и гугъу щищIым кьыхигъэщащ балъкъэр усакIуэ щэджащэм и усыгъэр ди щIыналъэмы нэгъуэщI щIыпIэхэми яфIэфIу зэрыщащэжыр.

Балъкъэр тхакIуэ **Токумаев Жэгъэфар** Кулиевым псалъэ гуапэ куэд хужиIащ икIи и усэхэм ящыщ зым кьеджащ.

Апхуэдэу Кулиевым и усэхэм дахэу, гъэхуауэ кьеджащ КъБКъУ-м и педколледжым и студентэр.

ПэкIум кьрихьэлIахэм Къайсын и фэеплъым удз гъэгъаэхэр трагъэхащ.



● Зэлушэхэр

Цыхуиц къаутIыпщыж

Мысырым и къэрал унафэщIхэм къаутIыпщыжащ Урысей Федерацэм икIау абы щеджэу я убыда студентхэм ящыщу ящыгъи щыхуэн 3.

ДИ КЪЭРАЛЫМ и посольствэм и вице-консулу Каир щыIэ Абакаров Юсуп зэрыжиIамкIэ, Урысейм щыщу Мысырым и тутнакъэщхэм ксына щыху 14-р кьрахуэ кьрахужыщ, паспорт-визэ хабзэхэм зэребжьыкуам кьыхэкIыу.

Каир и полицэм мэремым, накъыгъэм и 29-м, иубыдат Урысейм рэ СНГ-м щыщ къэралхэмэ икIау «Аль-Азхар» дин еджанIэ зэрыщыIэм щеджэ псори (щIыху 34-рэ). А Iуэхугъуэм щхьэусыгъуэ хэхъуауэ жаIэ США-м и президент Обам Барак Мысырым къыгъэзыкIуар. Дагъуасэ ар къыщыщIэльащ «Аль-Азхар» муслымэн дин университетым.

Сом лъапIэ

Урысейм и Къэрал Думэм и Унафэщ Грызлов Борис кьыхэлхьэ палладиум кьыхэщIыкIа сом кьыдогъэкIын хуейуэ, ящэм щыIа дыщэ гуэмэхэм ещхьу.

- АПХУЭДЭ сом Урысейм иIамэ, ар валютэ зэпIэзэрыт хьунут, - жеIэ абы.

Палладиум кьыхэщIыкIа сом кьыдогъэкIынымрэ и Iуэхум щыхэплъэну я мурадщ Петербургъ щекIуэкI Дунейпсо экономикэ форумым.

Япэм Урысейм и ахъщэ хуэмапIэм фэеплъ ахъщэ кьыхищIыкIыу щытащ палладиум платинэмэ. Нобэкъ апхуэдэ ахъщэхэр икъукI? Гъэутыгъуейщ.

Палладиир хеубыдэ платинэм и гупым хьихьэ гъущI лъапIэхэм. Ар кьыщагъэсэбэп электроникэм, медицинэм, нэгъуэщI Iэнатlэхэм щызэрахьэ Iэмэпсымэхэр щызэпкъраугъэкIыр. Юшлирхэм абыкIэ «дыщэ хужь» ящI: дыщэм палладий эпIэлъхьэ, дыжьыныфэ хужь мэхъу. И уасжкIэ палладийр дыщэм нохъуб 4-кIэ нэхъ пудщ: зы унцием доллар 240-рэ хуэдизкъуэ. Дунейпсом палладий гъущIу кьыщыщIахьым и ныкъэр Урысейм хуоз.

Щыгъуазэ

♦ ЩIыуэпсым и дунейпсо махуэщ. 1972 гъэм дыгъэгъазэм и 15-м ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм кьищта унафэм ипкъ иткIэ зэгъэпагъэ.

♦ Урысейм и экологхэм я махуэщ.

♦ 1967 гъэм Израильр тещIауэ Мысыр, Сирие, Иордан хьэрыщ къафэхэм. Абыхъм я щIым щыщу иубыдащ щIыху мелуан 1,5-рэ щыпсэу километр щIыбгъуэмкIэ 7400-рэ. 1967 гъэм щкIуэгъуэм и 22-м ООН-м унафэ кьищтат Израилым иубыда щIыналъэм и дзэр иришыжьын хуейуэ, арщхьэкIэ, США-м кьыкIуэгушхуэкIри, унафэр игъэзащIакъым.

♦ 1957 гъэм Налшык кьыщыгъэIуахащ музыкэмкIэ училищэр, иджы гъуэздджэмкIэ училищэр.

♦ Дыгъэр кьыщIэкIащ сыхьэти 5-рэ дакьикъ 27-м, кьухьэжьнуф сыхьэт 20-рэ дакьикъ 42-м.

♦ Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакьикъ 15-р.

ПлIанэгъэр зыкъэхъэзырыр ГЪУЩIО Зарифи.

Лъэпкъ IуащIэгъэ:

Зи нэхъыжь зымылъытэм и щхьэ ильытэжкъым.

ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд:

Адыгэ лъэпкъым зиужьынырщ ди гупсысэхэр зытеухуар

● Тхьэмадэм и псалъэ

Нобэ Налшык кьыщыгъэIуах Къэбэрдей Адыгэ Хасэм (КъАХ) и VIII съездыр. Ди республикэм и жылагъуэ зэгухэныгъэ нэхъ инхэм икIи зэфIэкI зиIэхэм ящыщу КъАХ-р. Ар къэухъуауэ щытащи щIыщIыгъуэ блокIам и 90 гъэхэм я пэмыдэм - льэпкъ мащIэхэр зыщIэгупсысыж, я къжлэунэм игъэпIейтей щыхуэжа зэманым. Къалэн нэхъыщхьэуи зыхуигъэувыжауэ щытар анэдзэлъхубзэр хуэмэнырщ, льэпкъ тхыдэр джыныгыр, щэнхабзэр егъэфIэкIуэнырат.

Хасэр кьыгъэзыгъэзэпэщIэ блэкIа илъэс 19-м абы и унафэщIу щытащ льэпкъым и цIыху цIэрыIуэхэр, жыжьэ пльэфхэр, хэтащ икIи ноби жыджэру холэжьыхьы адыгэ Iуэхум игъэгумащI хэкъупсхэр. Къэбэрдей Адыгэ Хасэм илъэс 9 хьэдагъ и тхьэмадэм и щIыналъэм и мылажьэу, адыгэ щыгъэу Къэрал куэдым кьыщащIыжу, жылагъуэ лэжьакIуэ емыгъэщ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и вице-президент Хьэфыцыгъ Мухьэмэд, КъАХ-м и зэхуэсахуэм и пэ кьыхуэу Мухьэмэд ущIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ.

- Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и пщэрыль нэхъыщхьэ дыдэр лъэпкъым и щхьэ пщI хуащIыжу, и бзэ, и тхыдэ ихьумэжу, и хабзэ иIыгъыжу къэгъэзыгъуIэныным хуэлэжьынырщ. А кьалэнэхэр ноби лъэпкъ Iуэхум щыиэхьыщхьэр? Зэманым ельытауэ абы-хэм дауэ захуэужэр?

- Сэ кьыузэрыльытэмкIэ, дэтхэнэ лъэпкъым и дежкIи, псом хуэмыдэу лъэпкъ щыIкIуэхэм я дежкIэ, кьалэн нэхъыщхьэ дыдэу щыIэр кьыдальхуа и бзэр, адрейхэм ар кьэзэрыщIэкъуэкI хабзэхэр, нэмысыр хьумэнырщ. А лъапIэныгъэхэрщ лъэпкъыр лъэпкъыу кьэзыгъэзэнэжр, лъэпкъыр кьэзыгъэпэщхэм я нэIэ зытетын хуейхэм ящыщ гуэрхэр яIэщIхуэмэ, абы гу льедгъэтэжыну дызэряхуущIэкъур. Властым кьэкъуIэ е зыхуэнэжы Iуэхугъуэхэр Хасэм сэтей кьеущ, Iуэхур егъэфIэкIуэным хуэгъэпсэ уиIэтбжьа зэрыгъэзэжыну? Абыхэм зэхудогъаз. Апхуэмыдэуи хьунукъым: хасэ кьулыкъыщIэхэмрэ жылагъуэ лэжьакIуэхэмрэ щыкуфэм яфI зэхэльхэм зэгъэсуэу хуэлэжьынхуейщ. Ди жылагъуэ зэгухэныгъэм политикэ Iуэху зэрыщIэзэримыкъэным хэтщ, ар Iэмалыншэ дыдэ мыхьэмэ. Апхуэдэу ду кьэхъуу республикэм и кьулыкъыущIэхэм защыкуэдгъаэзэмэ, ахэр ятьэфIыкIэ сэ-гъэ кьыгтхуохьу.

- Фи зэдэлажьэныгъэм и щапхъэ кьытхуэпхьыдыну?

- Псалъэм папщIэ, Кьэжаг зауэр адыгэхэм я текIуэныгъэкIэ зэриухрэ ильэс 300 зэрырикъур гъэльэпIэным и Iуэхур кьезыхьжьар Абхьаджьым щыIэуэхэм я зэгухэныгъэмрэ (тхьэмадэр Бекьшокъуэ Алексейщ) Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэщ. А жэрдэмыр кьыддаIыгъащ республикэм и унафэщIхэм. Адыгэ щуеуей 30-м щигъу махуэшхуэм и щIыкIыбэ ди щIыналъэр кьызэхахIуныну зэдедгъэжьауэ щытащ.

ЕтIуанэ, нэгъабэ КъАХ-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэм захуигъэзауэ щытащ Хьэшыр Чылар IущIхьэмахуэ я япэ зэрыдэкIэ я ильэси 180-рэ зэрырикъур гъэльэпIэным теухуауэ, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым Чупсаевым щIыгъэгъуэ зэщIэтхьэла дэфтэрым икIи фокладэм и 19-м и Iэ щIэльу Унафэ щхьэхуэ я выдэкIэщ а Iуэхугъуэр гъэльэпIэным теуХуауэ. Унафэм и гуэдзэным (ари кьыхэзылъхьар Къэбэрдей Адыгэ Хасэрэщ) лъэпкъым и дежкIэ тхьэ мыхьэнэ зиIэ зэрыщIэкъуэ кьыщIэзэщIеубыда. Ахэр псорн Iуэхугъуэ 20-м нос. Абыхэм яхэтщ, псальэм папщIэ, Урысейпсо щэнныгъэ-практикэ конференц егъэфIэкIыпхьэу, Iуащхьэмахуэ щыIэу бжьыгъэ куэд, хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъегъуэхэри Европэм и парлиамент щэрыIуэхэри яхэту, дзэкIын хуеиIуэ. Махуэшхуэм щыIэу хьауэ ар урысыбзэкIи бальхьэрыбзэкIи йокIужкI. Зы гъэкьанэрыкIым абы еджапIэ зэмылIэужьыгъуэу 15-20, етIэджакIуэу 100-м щIигъу, еджакIуэу мин бжьыгъэкIэ нэс зэхимышIэу. Иджы зэпеуэр щокIуэкI Къэрэшей-Шэрджэсмэ Адыгеймэ. Дэ а Iуэхуэмкlэ дыздэлажьэ, Гъэ кIуам Адыгеймрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ кьикIа цыху 50-м щIигъум Iэмал ялащ зэпеуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщекIуэкIым и зэпыщIэныгъэ. Ахэр щыщащ фестивальр щекIуэкIа Акьбащ Ипщэ курыт школым-рэ Хьэтохъущыкъуей пэщIэдзэ еджапIэ-сабий гъэсапIэмрэ.

«Си бзэ - си псэ, си дунейр зэпеуэр кьэхутакIуэ лэжьыгъэм хуэкIуащ, абы и дежи кьыщыувыIакъым - мыр егъэджакIэ ныбжьыщIэхэм я щIэныгъэм зэрыхагъахьуэ Iэмал хьэлэмэтщ, пэрытхэр я зэфIэкIэхэмкIэ, я Iэзагъхэмкlэ щыIэзэгуашэ зэтущIащ, дерс куэд ещанэкIэ, хэмэ, сабийхэмэ, гъэсакIуэхэмэ кьызыхах Iуэхугъуэщ. Лэжьыгъэ щхьэпэ нобэ зэфIэзыгъэкI зэпеуэм нэхъыбэрэкIи дыщогугъ, абы и кьэкIуэнур республикэм и фIэщ мэхъу.

ЩIэлбэр хэкупсэу гъэсэныным, щIалэгъуэлэм ди хабзэ дахэр зэрыкьэзыхьэнур бзэр гъэрэжьей щыIыхьащхьэ кьэс Абхьазым и утым щIэзэхашэ адыгэ джэгуэр. Апхуэдэ пшыхь дахэхэр я кьызэгъэзэнщыныр зи жэрдэмыр Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ Адыгэ Конгрессымрэщ. Иджы доплъри ди гур хохьэуэ: хьэтиякIуэр яхэту, адыгэ ныпым щIэту ди щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ екIуу утыкум итщ. Апхуэдэ хабзэ дахэхэр зыльагъу нэхъыщIэхэри нэхъыжьхэм я щапхъэм ирикIуэнущ, Тхьэм апхуэдизу.

ЩIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ уатепсэльыхьмэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэр хуабжьу егъэпейтей курыт школым кьэзыух ныбжьыщIэхэм ныжьрей ильэсхэм зят Зыуэ щыт къэралым экзаменым (ЕГЭ). ЩIэхуу зыкIпэм, нахуэу тIуатэмэ, псомкIи дощ1э кIейи дольэмыр ар ахьшэ хэхьпIэхэм ящыщ зы Iэмал зэрыхьуар. Апхуэдэу ежьа егъэджэныгъэр, щIэныныгъэ нэхъыщхьэ зэгъэгъуэтыкIэр кьемызэгъэныу кьыдольыгъэ. АхьшэкIэ псори кьэпщэху хьууэ зыльагъу ныбжьыщIэм щIэныгъэм пщIэ хуимыщIыжу, зригъэгъуэт IэщIагъэмэ тэмэму хуемыджэу гъащIэм хьихьэнущ. Апхуэдэ дохутырхэм сымаджэ яхуэгъэхьэныну, апхуэдэ инженерхэм уиэ тэмэм яхуэуухуэну, апхуэдэ агрономым гъавэ бэнэ игъэкIыфыну?.. Ар кьыддалъагъу хамэ къэралхэм щыпсэу ди зэрэпсэльэгъуэм я быну мыбы щеджэхэм. Ар щапхъэфI?..

- Ди лъэпкъэгъу хэхэсхэм я быну ди щIыпIэм щеджа щIалэгъуалэр Къэбэрдей Адыгэ Хасэм хамэщI адыгэхэм яхуэхиша лъагъуэм кьыркIуауэ аракъэ? А къэралхэм щыIэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэхэрэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ я зэдэлажьэкIэхэр, зэпыщIэныгъэхэр сыт хуэдэ?

- Ди лъэпкъэгъуэр, дызэрыщыгъуазэщи, дунейм и щIыналъэ куэдым щопсэу. Ар кьыркIуащ Урыс-Кавказ зауэм (1763-1864 гъч.). Нобэ адыгэхэр щыпсэу къэралым псоми пщIэныгъэ яхуди1эщ. Дэ лъэпкъпсо мыхьэнэ зиIэ Iуэхуэхмкlэ щыпсэуэ, дызохэнэджэ, дызэкIэлъэкIуэ, ар гъащIэм и сыт хуэдэ унэтIыныгъи ирехьу. Адыгэхэм ди лъэпкъ зэгухэныгъэ нэхъ инщ дыдэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, и лэжьакIуэхэм я зэпыщIэныгъэхэмкlэ Дунейпсо Адыгэ Академием иригъэкIуэкI Iуэхугъуэм жыдэжрэ дыкъэзыгъэ, КъАХ-р хущIокъу ди лъэпкъым адэжи зиужьыным, ди Урысей къэралыщхьэм фыкIэ дыкьыхьэщыным, адыгэм и цIэ дахэр жыжьэ Iуным. Апхуэдэ мурадкIэм хуэгъэпсащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм кьызэригъэпэщ, зэфIих лэжьыгъэ псори.

Упсэу, Мухьэмэд. Лъэпкъым фриплIэщ. Тхьэм фыхущIигъэхь!

Елсэлар

КЪАРДЭН **Маритэщ.**

● Тхьэмадэм и псалъэ

И къулыкъым токI

АБХЪАЗ. *Республикэм и вице-президент Хаджимэ Раулъ езым и фIыфIыныгъэкIэ и къулыкъум зэрытекIуэр щхьэмыгъэкIэ щыIэ журналистхэм яжриаш.*

- СИ КЪУЛЫКЪУМ сытокI, ауэ политикэр Iэщ1ыб сщIыну си мурадкъым, - жиIащ Хаджимэ Раулъ. Абы кьыхэзрихьэщамкIэ, апхуэдэу щIищIам и щхьэусыгъуэр 2004 гъэм вице-президенту щагъэзащ игъэзащIэну кьыхуагъэлъэгъуауэ щытха къэрал Iуэхуэхм я нэхъыбэм щIыналъэм и Президент Бэгъэщп Сергей ар зэрыримыгъэкIуэлIащ.

Хаджимэ Раулъ 2009 гъэм дыгъэгъазэм Абхьазым щекIуэкIыну президент хэхьныгъэхэм хэтыну и мурадщ.

Сабийхэм я щынагъуэщагъэр кьызэрагъэпэщ

АДЫГЕЙ. *Президент Тхьэкlэмыф Аслъэнджерий терроризмэм пэщIэтынымкIэ щIыналъэ комиссэм и зэIущI иригъэкIуэкIащ.*

ЯЛЭЖЬЫНКIэ хьуну терроризмэм, нэгъэщIэ щIэпхьэджагъэхэм ятеухуауэ пасэу хьыбар кьэзыгъэкIащ Iэмэпсымэхэр дызэрыт илъэсым кьрихьыдэу курыт еджапIэхэм, сабий садэхэм щагъэувыну Адыгейм и лIыщхьэм район, къалэ администрацэхэм я унафэщIхэм къалэн ящищIащ. А Iуэхугъуэхэм нэгъабэ сом мелуани 4,3-рэ трагъэкIуэщащ, «щынагъэншагъэмкIэ уэзджьынхэр» курыт еджапIэ 46-м щIагъэщащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Муниципальнэ щIыналъэхэм я гъунапкъэхэр зэхъуэкIыным теухуа законкъэ къыдэлъэкIыныжмкIэ жэрдэмхэм хэпльэну зэгурызыгъаIуэ комиссэм хэтхэм я Iуэхуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Муниципальнэ щIыналъэхэм я гъунапкъэхэр зэхъуэкIыным теухуа законкъэ къыдэлъэкIыныжмкIэ жэрдэмхэм хэпльэну зэгурызыгъаIуэ комиссэм къыщIэпэщыным и Iуэхуэ»- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и 2009 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м кьыдигъакIа Унафэ №69-П-П-м ипкъ иткIэ къыщIэрагъэпэща зэгурызыгъаIуэ комиссэм хагъэхьэн папщIэ къагъэлъэгъуа кандидатурэхэм хэпльауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щIи:**

1. Муниципальнэ щIыналъэхэм я гъунапкъэхэр зэхъуэкIыным теухуа законкъэ къыдэлъэкIыныжмкIэ жэрдэмхэм хэпльэну зэгурызыгъаIуэ комиссэм къыщIэн мы кьыкIэлъыкIуэхэр хэту:

Дэхъушокъуэ М. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и дежи щIэ Жылагъуэ-чэнджэщэгъу советым хэтыр (комиссэм и унафэщIэхэм ящыщу)

Маслов Н. А. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Муниципальнэ щIыналъэхэм я совет» ассоциацэм и гъэзэщIакIуэ директоры (комиссэм и унафэщIэхэм ящыщу)

Черкесов Г. М. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Пенсионерхэм я союз» жылагъуэ зэгухэныгъэм и правленэм и тхьэмадэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж щыIэ Жылагъуэ-чэнджэщэгъу советым хэтыр (комиссэм и унафэщIэхэм ящыщу)

Абшаев М. Т. - «Балъкъэр лъэпкъым и Анан» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухэныгъэ» жылагъуэ зэгухэныгъэм и Совет Нэхъыщхьэм и тхьэмадэм и кIуэдзэр

Берд Хь. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЩIыпIэ самоуправленэм и Iуэхуэмрэ щIыналъэм я социально-экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и комитетым и унафэщIыр

Бэрокъуэ Хь. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Адыгэ жылагъуэ зэгухэныгъэхэм ЗэзыгъэуIу я советым хэтыр

Власов А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и УнафэщIым и кIуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм къэрал кIуулыкъым, кадрхэм, щIыпIэ самоуправленэм я Iуэхуэмкlэ и управленэм и унафэщIыр

Джарыдж Хь. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Адыгэ жылагъуэ зэгухэныгъэхэм ЗэзыгъэуIу я советым и унафэщIым и кIуэдзэр

Говоров С. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр

Гызыев Б. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дыкъэзыухъуреихь дунейр хьумэнымрэ щIыуэпсыр кьэгъэсэбэпыныкIэ и министрыр

Евтушенко С. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр

Жанатаев С. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Лэжьыгъэмкlэ, социальнэ политикэмрэ узынщагъэр хьумэныныкIэ и комитетым и унафэщIыр

Жаурыкъуэ Б. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр

Къалмыкъ Ж. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Адыгэ жылагъуэ зэгухэныгъэхэм ЗэзыгъэуIу я советым и унафэщIыр

Каноников А. Д. - «Урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я «Вече» зэгухэныгъэ» жылагъуэ зэгухэныгъэм и унафэщIыр

Караев Р. Ш. - «Балъкъэр лъэпкъым и «Анан» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухэныгъэ» жылагъуэ зэгухэныгъэм хэтыр

Къуэшырокъуэ З. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и УнафэщIым и япэ кIуэдзэр

Погвиненко И. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр

Любуня Н. Г. - «Урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я «Вече» зэгухэныгъэ» жылагъуэ зэгухэныгъэм и лIыкIуэр

Мокаев Р. Д. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр

Мусуков А. Т. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министрыр

Несутулов В. Г. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Лъэпкъым я зэхущытыкIэхэмкIи и комитетым и унафэщIэхэм ящыщу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Экологиемрэ щIыуэпсыр кьэгъэсэбэпыныкIэ и комитетым и унафэщIыр

Пшуко В. И. - «Урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я «Вече» зэгухэныгъэ» жылагъуэ зэгухэныгъэм и лIыкIуэр

Рахаев А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Лъэпкъым я зэхущытыкIэхэмкIэ и комитетым и унафэщIэхэм ящыщу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Щэнхабзэмкlэ и комитетым и унафэщIыр

Сэхъу М. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал мылъкур зекъэнымрэ щIы Iуэхуэмкlэ и министрыр

Сумаев А. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр

Тимофеенко Е. П. - «Урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я «Вече» зэгухэныгъэ» жылагъуэ зэгухэныгъэм и лIыкIуэр

ПIыхьугу Хь. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Лъэпкъым я зэхущытыкIэмкIэ и комитетым и унафэщIэхэм ящыщу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Аграрнэ политикэмрэ щIы Iуэхуэхмкlэ и комитетым и унафэщIыр

Тупикин А. Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэканыгъэ комиссэм и унафэщIыр

Хьэфыщ1э М. М. - «Адыгэ Хасэ» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухэныгъэм и тхьэмадэр

Хутуев А. Щ. - «Балъкъэр лъэпкъым и «Анан» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухэныгъэ» жылагъуэ зэгухэныгъэм хэтыр

Чочаев М. М. - «Балъкъэр лъэпкъым и «Анан» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухэныгъэ» жылагъуэ зэгухэныгъэм хэтыр

Шубров Н. В. - «Урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я «Вече» зэгухэныгъэ» жылагъуэ зэгухэныгъэм и лIыкIуэр

Егъэн И. Хь. - «Дж макъ» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухэныгъэм и Совет хэтыр

2. ЗыгурызыгъаIуэ комиссэм и лэжьыгъэр щIигъкIуэкIым и деж хуитыныгъэ иIэщ езым кьыхэсэбэпын папщIэ зыхуеину информацэмрэ материалхэмрэ къэрал органхэм, щIыпIэ самоуправленэм и органхэм, организацэхэм я къэлэмыпэ папщIэ захуигъэзэну, апхуэдизу я органэмрэ организацэхэмрэ щылажьэхэм, нэгъуэщI цIыхуэхэм ящыщ Iэщ1агъэлIэхэр, экспертхэр кьигъэсэбэпыну.

3. ЗэгурызыгъаIуэ комиссэм и лэжьыгъэр иубзыхуну къалэн ящIыжащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIым и ящэ къуэдзэ Жаным Р. М.

4. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2009 гъэм накъыгъэм и 28-м
№93-П-П

«Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щIэдзкIакIуэ лъапIэхэр!

Фигу кьыдогъэкIыж 2009 гъэм и епIуанэ илъэс ныкъым кьыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэнкIэ зэрекIуэкIр.

Итлъэс ныкъым газетым и уасэщ сом 356-рэ кIэпIэкIи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щылеидзэ хъуны

Лъэпкъ Іуэхущхэр яэ игъэцъыжъэщ,

ЛЪЭПКЫР зыхъумэр бзэграуэ щыщыткІэ, ар егъэфІэкІуа, хъума зэрыхъуным егъэплейтей дэтхэнэ зэкІупсэри. Бзэр щыІэщ, мэлажьэ, ар зей лъэпкыым и цІыхуэм ящрыльпмэ, я унагъуэхэм щрипсальэмэ, я сабийхэм ирагъашІэмэ, Іуэху иринэфІакІуу къэрал Іуэхущ1апІэхэм я кІыщагъэсэбэпмэ.

Ди бзэр зыІэщІэхужахэр зэрымымащІэм дегъэгумэщІ адэжь щІыналъэм исыж адыгэхэри, Хэкужьым пІэщІэ хъуахэу щІыналъэ кушъпсэу ди лъэпкъегъуэхри. Анэдэлъхубзэр ди зэманым зэрыт щытыкІэм, абы и къэкІуэнум зэхуэсышхуэхэм щІэхщхэуІуэ щытопсэльыхь. Апхуэдэу Иорданым и кІалащхьэ Амман нэгъабэ жэпуэгъуэ мазэм щекІуэкІащ адыгэбзэр хъумэным теухуа дунейпсо щІэныгъэ зэІущІэшхуэ. Ар кІыхьэрагъэпэщащ Иорданыи и Адыгэ ФІыщІэ Хасэм хэтхэм. Зэхуэсыр егъэкІуэкІынымкІэ щІэгъэкъуэн кІахуэхъуащ Урысей Федерацым и ІыкІыуэу а ныкъыым щыІэмрэ «Росэарубежцентр» Іуэхущапіэмрэ я Іэщ1агъэлІхэр. Конференцым и лъэкыгъэм щыджэру хэтащ Урысей Федерацэм, США-м, Йнджылызым, Израильм, Иорданым, Сирием, Тырк ум щыщ щІэныгъэлІхэу адыгэбзэр зыджэр, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыпсуэхэр. Ди къэралым икІа лІыкІуэхэм яхэтт ЩДАА-м и академикхэр, Къэбэрдей-Балькъэрым, Адыгеим, Къэрэшей-Шэрджэсым я еджапІэ нэхъыщхьэхэм я профессорхэр, бзэ щІэныгъэхэм я докторхэр, кандидатхэр. Лъэпкъ зэхуэсыщхуэм ирагъэблагъэхэм ящыщщ Къэбэрдей Адыгэ Хасэри.

Анэдэлъхубзэр хъумэным, ар егъэфІэкІуэным, ди бынхэм ящрыльпыным, къэкІуэну щІэблэхэм яхуэхъумэным, абы пщыІэ нэтыуэщ Іуэхугъуэ куэдым йогупсыс лъэпкъыр щыІэнымкІэ бзэм нІэ мыхьэнэр кІыцІыгурыІуэ дэтхэнэ адыгэри, ар дэнэ щыпсэуми. Ди жагъуэ зэрыхъущ, зы щІынальэм дискЫым зэпъэпкъэгъуэхэр, атІэ, фочым щэпхыр лъэныкъуэ куэдкІэ зэрызэбгрипхыым хуэдэу, ди тхыдэм дунейпсом щыщІыкъуащ. Бзэр хъумэным пыщІа гугъуехьэм я нэхъыбэр абы кІыхьокІ.

ЖысІэнращи, зи щІынальэхэм (Адыгеим, Къэбэрдей-Балькъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым) щыпсэуж адыгэхэри анэдэлъхубзэр хъумэным гугъу дыдоль, ар къэралыбзэу ди республикэм щыщыІэми, къэралым гулыитэ кІыхьущІэм. АтІэ тынш ар хамэ щІыналъэ уису, уи лъэпкым, уи бзэм гулытэ лей кІыхьамыщІу пхьымэну? Ди жагъуэ зэрыхъущи, ди бзэр зыщІэжу хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэр щащІэ дыдэщ. Иорданыр къэтэджащ, абы щыпсэу адыгэхэм я бзэр ящІэжьныр пащтыхьым къаэрыдыІыгъым, абыкІэ пэрыуэгъу зэрамыІэм щхьэкІэ къэмынэу, мини 100-м щІигъу ди лъэпкъэгъуэхэм ящыщу анэдэлъхубзэр зыщІэр процентн 10 хьумэ егъэплейтей дэтхэнэ зэкІупсэри. Бзэр щыІэщ, мэлажьэ, ар зей лъэпкъым и цІыхуэм ящрыльпмэ, я унагъуэхэм щрипсальэмэ, я сабийхэм ирагъашІэмэ, Іуэху иринэфІакІуу къэрал Іуэхущ1апІэхэм я кІыщагъэсэбэпмэ.

Ди бзэр зыІэщІэхужахэр зэрымымащІэм дегъэгумэщІ адэжь щІыналъэм исыж адыгэхэри, Хэкужьым пІэщІэ хъуахэу щІыналъэ кушъпсэу ди лъэпкъегъуэхри. Анэдэлъхубзэр ди зэманым зэрыт щытыкІэм, абы и къэкІуэнум зэхуэсышхуэхэм щІэхщхэуІуэ щытопсэльыхь. Апхуэдэу Иорданым и кІалащхьэ Амман нэгъабэ жэпуэгъуэ мазэм щекІуэкІащ адыгэбзэр хъумэным теухуа дунейпсо щІэныгъэ зэІущІэшхуэ. Ар кІыхьэрагъэпэщащ Иорданыи и Адыгэ ФІыщІэ Хасэм хэтхэм. Зэхуэсыр егъэкІуэкІынымкІэ щІэгъэкъуэн кІахуэхъуащ Урысей Федерацэм, США-м, Йнджылызым, Израильм, Иорданым, Сирием, Тырк ум щыщ щІэныгъэлІхэу адыгэбзэр зыджэр, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыпсуэхэр. Ди къэралым икІа лІыкІуэхэм яхэтт ЩДАА-м и академикхэр, Къэбэрдей-Балькъэрым, Адыгеим, Къэрэшей-Шэрджэсым я еджапІэ нэхъыщхьэхэм я профессорхэр, бзэ щІэныгъэхэм я докторхэр, кандидатхэр. Лъэпкъ зэхуэсыщхуэм ирагъэблагъэхэм ящыщщ Къэбэрдей Адыгэ Хасэри.

Анэдэлъхубзэр хъумэным, ар егъэфІэкІуэным, ди бынхэм ящрыльпыным, къэкІуэну щІэблэхэм яхуэхъумэным, абы пщыІэ нэтыуэщ Іуэхугъуэ куэдым йогупсыс лъэпкъыр щыІэнымкІэ бзэм нІэ мыхьэнэр кІыцІыгурыІуэ дэтхэнэ адыгэри, ар дэнэ щыпсэуми. Ди жагъуэ зэрыхъущи, зы щІынальэм дискЫым зэпъэпкъэгъуэхэр, атІэ, фочым щэпхыр лъэныкъуэ куэдкІэ зэрызэбгрипхыым хуэдэу, ди тхыдэм дунейпсом щыщІыкъуащ. Бзэр хъумэным пыщІа гугъуехьэм я нэхъыбэр абы кІыхьокІ.

Ди бзэр зыІэщІэхужахэр зэрымымащІэм дегъэгумэщІ адэжь щІыналъэм исыж адыгэхэри, Хэкужьым пІэщІэ хъуахэу щІыналъэ кушъпсэу ди лъэпкъегъуэхри. Анэдэлъхубзэр ди зэманым зэрыт щытыкІэм, абы и къэкІуэнум зэхуэсышхуэхэм щІэхщхэуІуэ щытопсэльыхь. Апхуэдэу Иорданым и кІалащхьэ Амман нэгъабэ жэпуэгъуэ мазэм щекІуэкІащ адыгэбзэр хъумэным теухуа дунейпсо щІэныгъэ зэІущІэшхуэ. Ар кІыхьэрагъэпэщащ Иорданыи и Адыгэ ФІыщІэ Хасэм хэтхэм. Зэхуэсыр егъэкІуэкІынымкІэ щІэгъэкъуэн кІахуэхъуащ Урысей Федерацэм, США-м, Йнджылызым, Израильм, Иорданым, Сирием, Тырк ум щыщ щІэныгъэлІхэу адыгэбзэр зыджэр, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыпсуэхэр. Ди къэралым икІа лІыкІуэхэм яхэтт ЩДАА-м и академикхэр, Къэбэрдей-Балькъэрым, Адыгеим, Къэрэшей-Шэрджэсым я еджапІэ нэхъыщхьэхэм я профессорхэр, бзэ щІэныгъэхэм я докторхэр, кандидатхэр. Лъэпкъ зэхуэсыщхуэм ирагъэблагъэхэм ящыщщ Къэбэрдей Адыгэ Хасэри.

Шапсыгъ Адыгэ Хасэм и ильэс 20-р дагъэльапІэ. *2009 гъэ*

ДАХ-м и гъэззщІакІуэ гупыр мэлажьэ. *2008 гъэ*

Къэнжалыщхьэ дэкІыну шууейхэр ёожьэ. *2008 гъэ*

КъАХ-м Мэздэгу щрегъэкІуэкІ Адыгэ щэнхабзэм и махуэр. *2009 гъэ*

«Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэр Дыгулыбгъуей къуажэ щокІуэкІ. *2006 гъэ*

Бзэр тІэщІэкІмэ, дыдъэпкъкъым

закъу з бгъдэлъу схужьІэну кІыным. Бзэр инагъэрэ щызекІмыкІуэмэ, щколым щыбгъэтІылъ лъабжьэр махэ мэхъу, зэман докІри, зэтощэщэх. Ауэ, сыт щыІэсыгъуэ хуэхъумри, нобэрей щІэблэм анэдэлъхубзэр яІуэ къэтэджырыкым.

Іуэхур щынэхъ щІагъуэкъым ильэсиІ 100-кІэ адыгэхэр щыдакІуэ за Тырку м. Хамэщ Іэпхъуа адыгэхэм ящыщу мы къралым мелуани 7-м нэс щопсэу. Апх уэдиз хьу ди лъэпкъэгъуэхэм щыІуэ адыгэбзэ зыщІэу яхэтыр процент 15 хьумкІыхунщ. Иужьрей зэманым Тырку м и унафэщІэхэм къалыпІатаи и щІыпІум лъэпкъ заблжанэ зэрисыр икІи абыхэм я анэдэлъхубзэхэр ящжьыжьымкІэ хуитыныгъэ гуэрхэри ирату хуежьащ: Адыгэ Хасэм и хэщІапІэхэр дащІыащ, нэгъуэщІ зыхуитъуэхэрри щызэфІах, ауэ бзэр зыщІэр нэхъыбэ хъуакъым. Щхьэхусыгъуэри гурыІуэгъуэщ: абыхэм я щІакхъуэ Іыхьэр щыщалажь ІэнатІэм я къащІагъэсэбэпуэ хамэбзэщ.

Адыгэбзэм и Іуэхур нэхъапэм щынэхъыфІащ Сириеи. Адыгэхэр зэуІуу щыпсэурт абы и Къуэнейтрэ куейм рэ Хомс лъэныкъуэмрэ, адыгэ Іуэхуи зэрахуэрт. Ауэ 1967 гъэм ахэр а щІыпІэхэм къаруэщ икІи къэралым щыхэгъэщ хъуащ. Иджы абыи, Иорданым хуэдэу, адыгэбзэм щрипсалъэр нэхъыжьыуэхэращ. ЩытыкІэр щыщІагъуэкъым Европэмрэ США-мрэ. Анэдэлъхубзэр зрагъащІэрамыгъэщІыжьыр мыбы унаІуэ Іуэху, щхьэж зэрыцейуэ щытыгъуэ иращ, армыхьымэ къэралыр хэлъэркъым.

Тхыдэм къыІэрригъэльэгъуэжьмкІэ, адыгэ мамлюкхэм ильэс бжьыгъэшхуэкІэ тепщэныгъэр щалыгъащ Ливиеми, Судаани, Йысырми, Сириеми. Апхуэдизэ къаруэр мыльку зыбгъэдэлъа щрэджэсхэм адыгэбзэр яхьумэфакъым, сыту жьыІэмэ хамэщІым хэхэсхэм и анэдэлъхубзэр щихъыжьжьыбнукъыми. Зырызыхэщ ар къызэхуІэр. Бзэр щыпхъумэфынур, зыщІебгъэуэщІыфынур Хэкум и закъуэщ.

Йордаиым щекІуэкІа адыгэ зэхуэсышхуэрэ зытеухуар бзэр диаспорэм яхьумэныртэ, ауэ ар икъукІэ Іуэху гугъущ икІи щхьэгъэпщІэжщ.

Амман Къэбэрдей Адыгэ Хасэм къыщыхилъхащ Адыгэбзэм и дунейпсо фонд къыкІуэжьын хуейщ. Абы елэжьыкъым. Бзэр инагъэрэ бзэ щІэныгъэлІхэрщ, армыхьымэ докутырхэрэ къым, инженерхэрэкъым е ухуакІуэхэрэкъым. ЗэхъуэкІыныгъэ хэпльхьэпэну щыІмэ, ар хуэм-хуэмурэ бзэм хэтгъэзгъэзн хуейщ, армыхьымэ зы жэщ-зы махуэм зэфІэкІыну Іуэхукъым: ди альфбейр иджыпсту зэтхъуэжкІмэ, ди анэдэлъхубзэм иредж цыкІу минищхэм я бжьыгъэ мащІэ хъунущ. Абы бзэр щыхупІэм хуІшэнри щынагъуэщ. Апхуэдэ жэрдэм утыку кІипхъэн и пэ кІыхьэу, куэд зэпэщэчын хуейщ.

Адэжь хэкум щыпсэу адыгэхэмри жэщІу «Адыгэбзэм сыткІэ дыхуей? Абы щакхъуэ Іыхьэ къриблэжьыфынукъым», - жызыІэхэр. Дэ къызэрыгъэльтэмкІэ, апхуэдизу жызыІэфынур акъыльшхуэ зыбгъэдэмыльт, льыжьІэ адыгэми, псэкІэ адыгэу щымыту къыдольытэ. Абыхэм къаруфыІу эркъым лъэпкъыр зыхьумэр бзэрауэ зэрыщытыр. Хуеиуфэ инженеру я лажьэ, ухуеифэ дохутыр Іэщ1агъэр кІыхьэх, нэхъыщхьэр гукІэ адыгэу ущытынырщ.

Адыгэбзэр и Іуэхур нэхъапэм щынэхъыфІащ Сириеи. Адыгэхэр зэуІуу щыпсэурт абы и Къуэнейтрэ куейм рэ Хомс лъэныкъуэмрэ, адыгэ Іуэхуи зэрахуэрт. Ауэ з 1967 гъэм ахэр а щІыпІэхэм къаруэщ икІи къэралым щыхэгъэщ хъуащ. Иджы абыи, Иорданым хуэдэу, адыгэбзэм щрипсалъэр нэхъыжьыуэхэращ. ЩытыкІэр щыщІагъуэкъым Европэмрэ США-мрэ. Анэдэлъхубзэр зрагъащІэрамыгъэщІыжьыр мыбы унаІуэ Іуэхуу, щхьэж зэрыцейуэ щытыгъуэ иращ, армыхьымэ къэралыр хэлъэркъым.

Тхыдэм къыІэрригъэльэгъуэжьмкІэ, адыгэ мамлюкхэм ильэс бжьыгъэшхуэкІэ тепщэныгъэр щалыгъащ Ливиеми, Судаани, Йысырми, Сириеми. Апхуэдизэ къаруэр мылькуэр зыбгъэдэлъа щрэджэсхэм адыгэбзэр яхьумэфакъым, сыту жьыІэмэ хамэщІым хэхэсхэм и анэдэлъхубзэр щихъыжьжьыбнукъыми. Зырызыхэщ ар къызэхуІэр. Бзэр щыпхъумэфынур, зыщІебгъэуэщІыфынур Хэкум и закъуэщ.

Йордаиым щекІуэкІа адыгэ зэхуэсышхуэрэ зытеухуар бзэр диаспорэм яхьумэныртэ, ауэ ар икъукІэ Іуэху гугъущ икІи щхьэгъэпщІэжщ.

Адыгэ Хасэм и Адыгэ Іуэхур зэрыгъэкъуанщэ Іуэхугъуэхэр. ЖьыІэнурамэ, «Хасэм» къытхуищІ дагъуэхэр утыку кърилъхьащ Абхъаз Республикэм и Адыгэ Хасэм (АХРА):

«Зи къыщцхъэжьжакІуэу щытын хуей адыгэ Іэщ1ыгъэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм республикэм зыри зэрыщцымылэжьымкІэ хуабжьу дыкъэзыкъым. Къэрал властым я жьыІэм щІэткІэрэ, абы и иджырей унафэщІхэм жылагъуэм я дзыхьыр яГъэпэжьащ икІи адыгэщІыпІэ зэхэдгъуэжьымкІэ тегъэщІапІэ мэхъу. Арды дзр яхужьпІэ хъунущ адрей жылагъуэ зэгугъэнысхэм. Абыхэм льэпкъым и щІэгъэжьэн яІэкъым, атІэ абы и щІэр къэгъэсбэпуэ я щхьэ Іуэху дагъэкІыу аращ. Хэти властым ІупэфІэгъуэ хуохъу, адрей хэкум Парламентымрэ къэрал ІэнатІэхэмрэ я пльапІащ».

Зым и дежкІи щэхукъым а дэфтэрыр зыгъэхъэзырахэм я щІыбагъ республикэм зэпІэзэрытыгъэ щІыпІэным хуэунэтІауэ абы и унафэщІхэм ящІыгъэ къэхэр дзэымыІыгъыу хэт кьыдэтми.

Езы «Хасэм» жиІэхэм ятепщІыхьмэ, ди зэгурымыІуэныгъэм и лъабжьэр мыращ: дэ, «КъБР-м и Адыгэ жылагъуэ зэгугъэнысхэр Зэзыгъэу Советым» хэтхэм, къызэрытлытэмкІэ, республикэм щыІэ Іуэху къыинхэр щхэ властым и гъусэу зэфІэхьын хуейщ. «Хасэм» и Іуэху еплъыкІэр абы техуэрыкъым.

Иужьрей мазэхэм екІуэкІа къэхъукъащІэхэм уахэплъэмэ, наІуэ мэхъу мы Іуэхум зыгуэр зэрыхэлъым. ИпэкІэ нэгъуэщІ Іуэхум хьилагъэ гуэр зэрыхэлъым и щыхьэтщ мыхэри. «Дунейпсо Адыгэ Зэкъуэшыныгъэм» и пашэ Шыхьуэ Замир Адыгэ зэхуэсыщхуэм и лэжьыгъэм жыджэру хэтащ, абы къыщыпсэльащ, зи унафащІ зэгугъэныгъэр Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и щІалэгъуалэ кудамэу щытыну зэрыхуейр жиІащ. МахуитІ-щы дэкІри, абыи и Іуэху еплъыкІэм зихуэзжащ. Апхуэдизу, Инал-ипа Кьерджэнэгъэхэр нэгъабэ Сыхьум щедгъэкІуэкІми, Адыгэ зэхуэсыр дгъэхьэзыру мы ильэсым и щІышылэм КъызэгъэпащакІуэ гупыр дыщызэхуэсами, АХРА-м и унафэщІхэу Гъуо Анзэррэ Бешто Асльэнрэ сахуэзэти, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм республикэм щызэфІихы лэжьыгъэхэмкІэ арозыхэу, ар щапхъэу жаІащ.

Дэ быдэу дощІэ: КъБР-м щыІэ адыгэ жылагъуэ зэгугъэныгъэхэр зэщагъэхьэну зи мурад, абыхэм я зэхуакъ хьэлэ дахуІэну зи кьалэн кьару гуэрхэр иужьрей зэманым къэуэхуащ. Абыхэм цІыху щхьэхуэхэм кьалэн щащІащ и Іуэхур республикэм щызэтрублену икІи, нэрылъагъу зэрыхъумкІэ, ахэр я пщэрылъым иужь ихьащ. Зи гугъу тщІыхэр зыхуІэкІэр зыщ - властыр зыІэрагъэхьэныщ. Зи чэзу президент хэхыныгъэхэм дынэсыным хэпножар илъэрэр мазэ бжьыгъэращ. Аращи, властыр зыІэрызыгъэхьэну хуейхэм бэнэныгъэр яублащ. Апхуэдэуи ди фІэщ мэхъу: Къэрал Думэм и депутат Залиханов Михаил псальэмакъыщхъэ къызэрыкІа и тхыгъэмрэ «Хасэмрэ» АХРА-мрэ я иджырей дуней еплъыкІэмрэ - ахэр зы Іуэхуэзышхуэм и Іыхьэ щхьэхуэщ. Ауэ зэи зыщцыдгъэгупщэ хъунукъым зэгугъуэныгъэр мамырыгъэм и лъабжьэ зэрыщытыр. Аращ Зэзыгъэуу Советри, Къэбэрдей Адыгэ Хасэри зытетынур.

Аращ дызытетынур

РЕСПУБЛИКЭМ и адыгэ жылагъуэ зэгугъэныгъэхэм 2009 гъэм и япэ мазищым еш димыІэу, махуэ къэс ахъыуІэм Хуэдэу, зыхуэдгъэхьэзыращ, мэлыжьхьым и 4-м Налык щекІуэкІа лъэпкъ зэхуэсышхуэм. А лэжьыгъэм жьыджэру хэтащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэр, Къэбэрдей Конгрессыр, Адыгэ Конгрессыр, Абхъазбзэм щызэхуэхэм я зэгугъэныгъэр, Хамэ къэрал къыщыхъэхэм республикэм щыІэ «Пэрыт» зэгугъэныгъэр, КъБР-м и Промышленникхэмрэ хьэрычэтыщІэхэмрэ я зэгугъэныгъэр, КъБР-м и МэкъумащІыщ хозяйствэхэм я республикэ Іэр, н. Псорэ щІэнхэту ильэс 200 зыхэтэ зэІущІэм республикэм и дежкІэ щхьэпэ Іуэхугъуэхэм дыщытепсэльыхьащ. Апхуэдизэ, псалъэм папщІэ, къэбэрдей лъэпкъым и гъунапкъэр, анэдэлъхубзэр, хабзэр зыхьумэнр, лъэпкъ щэнхабзэм зегъэужьныр, щІалэгъуалэм, лэжьапІэ Іэнатіэ зимыІэхэм ехьэлІа Іуэхуэхэр, щы Іуэхум теухуа Федеральнэ Хабзэ №131-нэр, нэгъуэщІхэри.

Адыгэ жылагъуэ зэгугъэныгъэхэм я зэІущІэр щыдгъэхьэзырым, абы и КъызэгъэпэщакІуэ гупым хэт псори зэакъылагъуэ, я Іуэху еплъыкІэхэмкІэ зэдгъэщІэрэ нэхъыфІыр утыку къралъхьэу дыздгъэлэжьащ. Апхуэдизу ёкІуэкІащ и кІэ дыдэм нэс. Махуэ зыбжанэ дэкІа нэужь, КъызэгъэпэщакІуэ гупым (Адыгэ зэхуэсыи ужакІэ Зэзыгъэу Советэ хъуэм), властым «деубзэу» жаІэри, щІалэ зыбжанэ хъыскІыжьащ. Абы щыгъуэм хьыбар дагъэщІащ «Хасэ» жылагъуэ зэщІэхьэрэ нэхъыфІыр утыку къралъхьэу дыздгъэлэжьащ. Апхуэдизу ёкІуэкІащ и кІэ дыдэм нэс. Махуэ зыбжанэ дэкІа нэужь, КъызэгъэпэщакІуэ гупым (Адыгэ зэхуэсыи ужакІэ Зэзыгъэу Советэ хъуэм), властым «деубзэу» жаІэри, щІалэ зыбжанэ хъыскІыжьащ. Абы щыгъуэм хьыбар дагъэщІащ «Хасэ» жылагъуэ зэщІэхьэрэ нэхъыфІыр утыку къралъхьэу дыздгъэлэжьащ. Апхуэдизу ёкІуэкІащ и кІэ дыдэм нэс. Махуэ зыбжанэ дэкІа нэужь, КъызэгъэпэщакІуэ гупым (Адыгэ зэхуэсыи ужакІэ Зэзыгъэу Советэ хъуэм), властым «деубзэу» жаІэри, щІалэ зыбжанэ хъыскІыжьащ. Абы щыгъуэм хьыбар дагъэщІащ «Хасэ» жылагъуэ зэщІэхьэрэ нэхъыфІыр утыку къралъхьэу дыздгъэлэжьащ. Апхуэдизу ёкІуэкІащ и кІэ дыдэм нэс. Махуэ зыбжанэ дэкІа нэужь, КъызэгъэпэщакІуэ гупым (Адыгэ зэхуэсыи ужакІэ Зэзыгъэу Советэ хъуэм), властым

зэригъэкъуанщэ Іуэхугъуэхэр. ЖьыІэнурамэ, «Хасэм» къытхуищІ дагъуэхэр утыку къралъхьащ Абхъаз Республикэм и Адыгэ Хасэм (АХРА):

«Зи къыщцхъэжьжакІуэу щытын хуей адыгэ Іэщ1ыгъэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм республикэм зыри зэрыщцымылэжьымкІэ хуабжьу дыкъэзыкъым. Къэрал властым я жьыІэм щІэткІэрэ, абы и иджырей унафэщІхэм жылагъуэм я дзыхьыр яГъэпэжьащ икІи адыгэщІыпІэ зэхэдгъуэжьымкІэ тегъэщІапІэ мэхъу. Арды дзр яхужьпІэ хъунущ адрей жылагъуэ зэгугъэныгъэхэм. Абыхэм льэпкъым и щІэгъэжьэн яІэкъым, атІэ абы и щІэр къэгъэсбэпуэ я щхьэ Іуэху дагъэкІыу аращ. Хэти властым ІупэфІэгъуэ хуохъу, адрей хэкум Парламентымрэ къэрал Іэнатіэхэмрэ я пльапІащ».

Зым и дежкІи щэхукъым а дэфтэрыр зыгъэхъэзырахэм я щІыбагъ республикэм зэпІэзэрытыгъэ щІыпІэным хуэунэтІауэ абы и унафэщІхэм ящІыгъэ къэхэр дзэымыІыгъыу хэт кьыдэтми.

Езы «Хасэм» жиІэхэм ятепщІыхьмэ, ди зэгурымыІуэныгъэм и лъабжьэр мыращ: дэ, «КъБР-м и Адыгэ жылагъуэ зэгугъэныгъэхэр Зэзыгъэу Советым» хэтхэм, къызэрытлытэмкІэ, республикэм щыІэ Іуэху къыинхэр щхэ властым и гъусэу зэфІэхьын хуейщ. «Хасэм» и Іуэху еплъыкІэр абы техуэрыкъым.

Иужьрей мазэхэм екІуэкІа къэхъукъащІэхэм уахэплъэмэ, наІуэ мэхъу мы Іуэхум зыгуэр зэрыхэлъым. ИпэкІэ нэгъуэщІ Іуэхум хьилагъэ гуэр зэрыхэлъым и щыхьэтщ мыхэри. «Дунейпсо Адыгэ Зэкъуэшыныгъэм» и пашэ Шыхьуэ Замир Адыгэ зэхуэсыщхуэм и лэжьыгъэм жыджэру хэтащ, абы къыщыпсэльащ, зи унафащІ зэгугъэныгъэр Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и щІалэгъуалэ кудамэу щытыну зэрыхуейр жиІащ. МахуитІ-щы дэкІри, абыи и Іуэху еплъыкІэм зихуэзжащ. Апхуэдизу, Инал-ипа Кьерджэнэгъэхэр нэгъабэ Сыхьум щедгъэкІуэкІми, Адыгэ зэхуэсыр дгъэхьэзыру мы ильэсым и щІышылэм КъызэгъэпащакІуэ гупыр дыщызэхуэсами, АХРА-м и унафэщІхэу Гъуо Анзэррэ Бешто Асльэнрэ сахуэзэти, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм республикэм щызэфІихы лэжьыгъэхэмкІэ арозыхэу, ар щапхъэу жаІащ.

Дэ быдэу дощІэ: КъБР-м щыІэ адыгэ жылагъуэ зэгугъэныгъэхэр зэщагъэхьэну зи мурад, абыхэм я зэхуакъ хьэлэ дахуІэну зи кьалэн кьару гуэрхэр иужьрей зэманым къэуэхуащ. Абыхэм цІыху щхьэхуэхэм кьалэн щащІащ и Іуэхур республикэм щызэтрублену икІи, нэрылъагъу зэрыхъумкІэ, ахэр я пщэрылъым иужь ихьащ. Зи гугъу тщІыхэр зыхуІэкІэр зыщ - властыр зыІэрагъэхьэныщ. Зи чэзу президент хэхыныгъэхэм дынэсыным хэпножар илъэрэр мазэ бжьыгъэращ. Аращи, властыр зыІэрызыгъэхьэну хуейхэм бэнэныгъэр яублащ. Апхуэдэуи ди фІэщ мэхъу: Къэрал Думэм и депутат Залиханов Михаил псальэмакъыщхъэ къызэрыкІа и тхыгъэмрэ «Хасэмрэ» АХРА-мрэ я иджырей дуней еплъыкІэмрэ - ахэр зы Іуэхуэзышхуэм и Іыхьэ щхьэхуэщ. Ауэ зэи зыщцыдгъэгупщэ хъунукъым зэгугъэныгъэр мамырыгъэм и лъабжьэ зэрыщытыр. Аращ Зэзыгъэуу Советри, Къэбэрдей Адыгэ Хасэри зытетынур.

КъАХ-м къыдигъэкІа тхылъхэр, н.къ.

1. «Щэнэ» *Адыгэ хэхэсхэм я тхыгъэ къыхэхахэр*

2. КъБР-м и махуэгъэпс (2006 гъэ)

3. Адыгский перекидной настольный календарь на 2007 г.

4. Исхак Машбаш. Ридада. *Исторический роман.* 2006 г.

5. Исхак Машбаш. Адыгэ. *Исторический роман.* 2006 г.

6. Исхак Машбаш. Воскод и закат. *Исторический роман.* 2007 г.

7. Хьэфыщ1э Мухьэмэд. Хамэщ1ым вагъуэгэр щоужьы 2006 гъэ.

8. Хьэфыщ1э Мухьэмэд. Теки1уэныгъэм и махуэ.

9. Ширдий Марин э. Тыркум щыпсэу адыгэхэр. 2007 гъэ.

10. Хэхэс дуней (зыгъэ хьэрыгэр Тлымыкъ Хьэмчыщщ).

11. И. Я. Куценко. Правда и кривда. 2 издания (Нальчик, Краснодар, 2007 г.)

12. Альбом «Кабардино-Балкария. К России, с Россией, в России». 2007 г.

13. Набор из 30 портретов выдающихся адыгов (XVI-XIX вв.). Плакаты. 2007 г.

14. 15 томов из серии «Кавказский литературно-исторический Олимп». 2000-2007 гг.

15. Выпуск пасьтальных портретов выдающихся адыгов (XVI-XIX вв.)..5 разных комплекта по 30 штук. 2007 г.

16. Марина Абдокова. Этноментальные основы литературы черкесского зарубежья. 2008 г.

17. Руслан Семенов. Пришел поклониться вам... (Один из авторов). 2008 г.

18. Виктор Котляров. Черный пистолет. 2006 г.

19. Ali Girei. Gerces bir gazeteci. 2007 г.

20. Михаил Шемякин: Фантастика реальности (Серия «Наши знаменитости»). 2008 г.

21. Пасьпыр арац. Адыгэ лъэпкъ уэрэдхэр я дзапэ уэрэдхэмрэ (Зыгъэхьэзырар Зэрамыщ1э Заретэщ). 2009 гъэ.

22. 49 номеров газеты «Нарт» (МЧА). 2000-2006 гг.

23. Спецвыпуск газеты «Адыгэ псалъэ» «Подвиг» кабардинца Килара Хаширова (2 июля 2007 г.)

24. Спецвыпуск газеты «АП» от 07. 09. 2007 г. К 450-летию

25. Спецвыпуск газеты «АП» от 13.12.2008 г. **«Темыркан Юрэ»**

26. Спецвыпуск газеты «АП» от 19.02.2009 г. **«Къэшэж Инна».**

27. Спецвыпуск газеты «АП» «Дунейпсо литературэм, тыркы литературэм я классик, адыгэ тхакІуэ щэджащэ Омер Сейфдейн (Хьэтыкъуэ)» 13.03.2009 гъэ

28. Спецвыпуск газеты «Хасэ» №№ 1-4) к открытию Форума кабардинских общественных организаций. 4 апреля 2009 г.

29. Приложение к газете «Хасэ». Тимур Алоев «Феномен М. Будая и «исторические» инпровизации Б. Кучмезова». Ж. Калмыков. К. Дзамихов, Х. Думанов, А. Кажаров. «Этнотерриториальная и административно-территориальная структура Кабардино-Балкарии».

30. Спецвыпуск газеты «АП» к 145 - летию со дня окончания Русско-Кавказкой войны. 21 мая 2009 г.

31. М. Хафищэ. Адыгэ и историн. 29 биографических очерков выдающихся адыгов XVI-XIX вв. Журнал «ІКЪ», №4 за 2007.

32. Адыгэ газетхэм я номер зэкІэ (21.05.08). Убыхъэм ятеІ

Адыгэ псалъэм ыгъэкъыми

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и Іуэхущ Іафэхэм ятеухуауэ

Дызыхущ Іэкъур зыщ

**Тхыдэм кьыззрыхэущжьыкмкІэ, мин 50-60 (языныкъуэ дэфтэрхэм ахэр мин 100-м нысэрыхьэсу щытауэ кьагъэзагъуэ) хьу кырым-тэтэрыдзэр мин 7 фІэкІа мыхьу адыгэ зауэлі гупым 1708 гъэм Кьэнжал Іуащхьэм деж щыхагъэщІауэ щытщ. Дауи, тынштжьым апхуэдизу хьу дзэщхуэм утекІуэну, ауэ мыбдеж адыгэхэм кьыщагъэсэбэпауэ щытащ зауэм и Іэмалыщ Іэ зыбжанэ. Ильясыр 900 и пэщІэ адыгэхэм ящыІэ, а Текіуэныгъэ иныр дунейпсо тхыдэм хьыкащ ІыгъэмрэІ хахуагъэмрэ и щапхьэу. Апхуэдизи зэман дэкІами, ноби абы иригушхуэр, ирипагэр ди лъэпкъэгъуэхэм я закъуэкьым. Апхуэдэу а гуфІэгъуэр кьыдалъыгъ ди республикэм ис адрей лъэпкъхэми, ди гъунэгъу щІыналъэхэми, нэгъуэщІхэми.

ПЭЖЩ, 1708 гъэм ди щІыналъэм щекІуэкІа зауэшхуэр адыгэхэм ди текІуэныгъэкІэ нухами, ар Іупщу тхыдэм кьыхэщыжми, абы иджы хуэдизу псалъэмакьышхуэ иращІэкІауэ щытащыкьым. Абы щхьэусыгъуэ зыбжанэ иІщ. **Ягъэрауэ,** дзэх зэз лъэпкьми и щэнхабзэр, гупсысэр нэхъ льапэ хьуауэ, ар хущІокІуэ и тхыдэм, щІэдзапІэ хуэхьуам нэсу щыгъуазэ зищІыну. Апхуэдизущ адыгэ хэрэ. Ікьыдэр кьэтІэщІыкьыным теуауэ щІэныгъэ-кьэхуэныгъэу ятэхэр ящІэ-дмІар нэхъ мащІэмэ, иджы а уиэтІныныгъэм хуэдизкІэ зиужькащ. Ди тхыдэм, хабзэм, щэнхабзэм елэжьауэ, къэхутэныгъэ хьлэмэтхэр зыгуэгъуеиуэ иджьыпсу профессору, щІэныгъэхэм я доктору, кандидату диІэр щэ бжьыгъэ мэхуу. Абыхэм я ІэдакьэщІэкІхэм ящыщ куэд зытраухуар Кьэнжал зауэрщ. Ди тхыдэм и напэкІуэцІэр нэсу иригъэжьыр, щыхуэбэр абы щагъуазэ хуэм папщІэ, апхуэдэ щІэныгъэ къэхутэныгъэхэм мыхьэнэщхуэ яІщ.

ЕтІуанэрауэ э, Совет Союзым и зэманым апхуэдизу Іуэхугъуэхэр утыку кьипхьэу утепсэлъыхьныр ар лъэпкъ зэфІэзыгъэкІуэ ду зэрыхьэзэрий кьыззрыкІынкІэ хьуну Іуэхугъуэу кьалъытэу щытащ. Іэ псори «совет лІыхъуэ» дашІати, ди тхыдэ, ди хабзэ (псом хуэмыдуэу лъэпкъ цІыкІухэм) жьауэ-тІэк эр Іэщыбі тщІыным дынагъэсауэ щытащ. Иджы, Тхъэм и фІыщІэкІэ, нэгъуэщІ лъэхъэнэ кьэунэху ащ. Урысей Федерацэм хэт дэтхэнэ субъектри, абдежым щыпсэу дэтхэнэ лъэпкъри щхьэжуитныныгъэ яІэ у мэпсэу. Дэ тхэнэри житщ и тхыдэ, и анэдэлъхубзэ, и хабзэ ящыкьыну, зэрихьэну абыкІэ адрейхэм кьащхьэщыкІыну.

Апхуэдэ хуитныныгъэ адыгэхэми диІэ хьауадикІи абы и фІыгъуэ куэд кьыдэуэлІащ. Аэр псори налуэ хьауад Кьэбэрдей-Балъкъэрыр фІэфІу Урысейм зэрыхьыхьэрэ ильэс 450-рэ зэрырикьур щыдгъэпсэлІа махуэхэм.

Ещанэрауэ, ди кьэрал гъунапкьэхэр нэхъ зэйуа, дуней псом щикьухьа ди лъэпкъэгъуэм пщІэныгъэ кууэхэр яхудиІэ зэрыхьуахэм я фІыгъэкІэ, дунейпсо тхыдэм нэхъ набдзэгубдзапІэхуэ дыхэпльэфащикІи кьыщІитлъэгъауад адыгэхэм (шэрджэсхэм) я тхыдэм абы щыпІэщхуэ зэрыщиубыдыр. Кьапщтэмэ, дызытепсэлъыхьэ Іуэхугъуэм - Кьэнжал зауэм - теухуа къэхутэныгъэхэр ирагъэжІауэкІауэ кьыщІэкІащ XVIII-XIX лІэщІыгъуэхэм псэуа хамэ къэрал къэхутакІуэхэм. Абыхэм ящыщ нэмыщІ щІэныгъэлІхэу Паллас Петр Симон, Гербер Иоганн Густав, философие щІэныгъэхэм я доктор Кемпфер Энгельберт, французыкІэ щІэныгъэлІ Абри де ла Мо тэ, ипальян кьэхутакІуэ щэрыпу э Главани Ксаверио, молдаван, урыс щІэныгъэлІ зыбжанэ, нэгъуэщІхэри. Адыгэ щІэныгъэлІхэм ящыщу Кьэнжал зауэм ехьэлІа кьэхутэныгъэ кууэхэр ирагъэжІуэкІащ Нэгуэ Шорэ, Кьудащ Елбэздыкьуэ сымэ, нэгъуэщІхэми.

Ижьырей зэманым дунейм кьытехьа лэжьыгъэхэр кьапщтэмэ, абыхэми яхэтщ 1707 - 1708 гъэхэм ди щІыпІэм щекІуэкІа зауэ гуащІэхэр кьыщыгъэльэгъуэжа, нэсу щыззэпкьрыха. Апхуэдизущ, псалъэм папщІэ, лъэпкъ щІэныгъэлІхэу Сокъур Валерэ, Тыгъуэн Рашад, Дзэмыхь Кьасболэт, Рахаев Джамал сымэ я ІэдакьэщІэкІхэр, н.

А псом кьыкІыраш, Урысей Федерацэм хэтдэ тхэнэ лъэпкъми - инми цІыкІуми - и тхыдэр, и хабзэр иджыкьыну хуит зэрыхьуурэ гъашІэм и лъэныкъуэ куэдым зиужькащ, блэкІам и напэкІуэцІ куэдым сабэр трапльщыкІыжащ. Абыхэм ящыщу аращ Кьэнжал зауэрэ. Ди тхыдэм и мехакъуэ зэ, Урысей псом я тхыдэм мыхьэнэшхуэ щызыпІа текІуэныгъэр гъэльэпІэным яужь дыщІихьари аращ.

Кьэнжал зауэм адыгэхэм кьыщІитхьа текІуэныгъэр гъэльэпІэным, пІы хэмыту, Іуэхугъуэ дахэку эдхуэхэр хтащ. Абыхэм я нэхъыбэм и жэрдэмщІафэри кьызэгъэпэщащІэри Абхъазым щызэуахэм я зэгухьэныгъэм и тхьмадэ Беекьшокьуэ Алексейщ. Апхуэдэу Іуэхум жьыджэру хэтащ Афганистаным щызэуа ди лъэпкъэгъуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ Тхьэпсэлджэ Тим ур, Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ Кьэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ хэтэхэр.

Гуманит ар кьэхуэныгъэхэмкІэ Кьэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ институтым и щІэныгъэлІхэм кьызэрагъэпэщри, мэкьуауэгъуэ мазэм абы щекІуэкІащ Кьэнжал зауэм теухуа кьэралпсо щІэныгъэ конференц. Абы утыку кьыщІрахьащ тхыдэ кьэхутэныгъэ хьэлэмэт куэд. Абы щаІа докладэхэр, щыІуа псалъэмакьыр зэхуэдизкІэ зэрыт тхыдэмкІэ ящыщ куэд. Абыхэм ящыщ дэтхэнэмэ тхыдэм и пэжыр кьеІуат: Кьэнжал зауэр адыгэщІэм щекІуэкІащ икІи адыгэхэм абы текІуэныгъэ ин кьыщахьащ.

А псом зыжьэу жаІэр, эдэлэт гуфІэгъуэр, ди жагъуэ зэрыхьущІ, зи гум темыхьуэ кьажэкІащ ди кьуэш балъкъэрхэм. Апхуэдэ гужьгъэжь зиІэхэр куэд хъуркьым, ауэ Іуэхум и пэжыпІэр зымыщІэ я лъэпкъэгъу цІыхуищэхэр зэрагъэщхьэрыуэм уегъэпІейтей. КьыззэрыгуэкІ цІыхуэхэр тхыдэм зэрыщымыгъуаззрщ Гундэлэн деж кьыщыхьуа Іуэ ху мышьхэпэм щІэдзапІэ хуэм хъуар. Текіуэныгъэм и щІыхьэкІэ ди щІыналъэр кьызэхакІухьну зекІуэ ежьа адыгэ шууейхэм фІэхъускІэ, батырыбжькъэкІэ дэнэ жьылагъэм кьащІыІущІащ, «гъэгу махуэ» псалъэ гуапэхэр кьыжраІэуэр кІэлъыкІуэтахэщ. ЗекІуэу дэжьа нэужь, шуу ейэр Гундэ лэнкІэ кІуэцІрыкІыу Кьэнжал Іуащхьэкіэ яунэІ ІыкІуэ ящІ. Арщхьэкіэ балъкъэр бзыльхугъэ гупьащхьэ Гундэлэн пьэмыжьым деж адыгэ щІалэ гупым кьащІыпэуващ, шу ейэр адэкІэ ягъэкІуэн ямыдэу.

Абыхэм жаІэм хуэдэ хьэдэгуфІэдахэ иджырэ зыми зэхихакъым: «Мы щІыр дыдейщ! Мыбыкіэ фІыкІуэцІрыдгъэкІынукьым!» псалъэхэм ямышІ, я фІэщу трагъэчыныхьу дауэрт Кьэнжал зауэ зэи щымыІауэ, щыІами абы адыгэ зыри хэмытауэ, сыту жьіпІэмэ мыбдеж игъащІэ ІьандэрэщІ щыпсэур балъкъэрхэрауэ.

Гъуэгум кьытеуа цІыху кьызэрыгу экІэм ямыщІэми, а зэрыхьэзэрийр кьызэзыІэпэща балъкъэр экстремистхэр (абыхэм ящэнтІ щІэныгъэ Іаеу зиІэхэри) фІыуэ Іэщыбгъуэ кьратхьыкьыну зыхэт щІыналъэ тхыдэм. Кьэбэрдей-Балъкъэр кьэрал архивым щІэлъ тхыдэ дэфтэрхэм а щІыхэм ятеуауэ ягъэ итыр мыращ: «Гундэлэн кьуажэр 1869 гъэм кьызэрагъэпэщащ. Абы теуауэ унафэ кьыштауэ щытащ Щы Іуэхуэхэмэ Урысей Правительствэм. Абы иІэхэ иткІэ, балъкъэрхэм щы етын хуейщ кьэбэрдеишьм щыщу сажнэ (десятинэ) мини 4. А щыпІэхэр псэупІэ яхуэхьуауад бгъыльэ щыпІэ зэхуэмыдэж зм кьикІауэ балъкъэр унагъи 109-м. Ах эр кьиІэпхъуакІащ Шэджэм, Урысбий, Безенги, Хулам ауэхэм».

Апэ дауэ абы и ужьыкІэ къэмызэгъ ажьауэ псалъэмакъ зэребгъэкІуэкІынур? Кьапщтэмэ, дэ псори иджыпсту дыщыпсэур зыі республикащ, зы къэралащ. Щыхэри хэхауэ зыми ейкъым: балъкъэрхэми, адыгэхэми, урысхэми. Ди щІыналъэр псоми ди зэхуэдэ псэупІащ. Абы мамырыгъэр щытепщэу икІи ар хъуэхъунымрэ лъэпкъ псори зэхуэдэу дыщІэкъуэн хуейщ.

Адыгэхэр ирагъащІэми кьэгъэгурыІуэ лІыгъэрэ хахуагъэрэ зыхэлъ лъэпкъыщ. Дэ дызыщІытхъужу аракъым - ар дунейпсо тхыдэм наІуэ дыдэу кьыхощыж. Апхуэдэу ди лъэпкъэгъуэм зэрэфІэкІыу яІам и льагагъыр кьеІэлъагъэу тфІэфІу дызыхьы Урысей кьэралым и Правительствэм и УнафэщІу адыгэ-хэр мыхэ-мыІэу зэрыщтар. ЛІыгъэ тхэльми, зэфІэкІ диІэми, дэ щыІэныгъэшхуэрэ зэхэщІыкІ ну укІи Тхьэр кьытх хуэпсащ. ИрагащІэм кьэхъуакъым ди гъунэгъуэхэм дыщеІэзуэжа е, ди щхьэ тхьумэж мыхьуиэ, ящэу Іэщэ кьыщытщта, Ноби араш.

Хабзэншагъэ зыІэтэжьар жэуап зэрыращалІэ Хабзэ щыІэщ.

Абы ипкъ итмІэ, жэуап тІкІэм ешэлІапхъэщ лъэпкъэр зэщызыгъэхьэну хэтхэр, ди мамыр щІыналъэм мафІэ кьизылъхьэну хуейхэр. Щхьэж игу кьихьэр ищІэ у хуе жьэмэ, дунейкьуитэж жьыхуаІэр аракъэ?

Дэ, адыгэхэм, ди хьэлкъым кьыддэпсэу ди кьуэшхэм лъакъуэтэщІэдэ яхуэтщІу. Уебгъажь, дэтх эмэ Іуэхуэри ядэ тІыгъуу, ядэтІэту апхуэ эдэщ. Сэ си цІыкІэ сыкьалІэтэмэ, ди кьуэш балъкъэрхэм я Щыгъуэ махуэр зэи гулъытэнщэ сщІыркьым, апхуэдизуи я Щэнхабзэр зэрыщІыжьныгъэ махуэшхуэри сфІэгуфІэгъуэщ. НэгъуэщІу уэздэпсэуфынукьым, ы кьэралу, зы республикэ, зыщІ ущикІэ, апхуэдизу щыщІткІэ - зы унэ ущыщІэскІэ.

Урыс пащтыхьым и дзэпщхэм зэхаубла лъыгъажэм и ужькІэ я хэкур ябгьынэн хуей хъуащ ди лъэпкъэгъу минищэ зыбжанэм. Абыхэм я щІэблэр нобэ щопсэу хамэ къэрал кудэм: Тырхум (мелуани 7-м нэс). Сирием (мини 130-рэ). Иорданием (мини 110-рэ). Израильм (мини 5). США-м (мини 8). Германием (мин 35-рэ). Голландием (мини 2). Мысырым (мин 43-рэ). Ливием (мин 35-рэ). Франджым. Инджылызым. Болгарием. Канадэм. нэгъуэщІ къэралхэми. СССР-р кьутэжа нэужь. Урысейм щыІэ демократ хуитныгъэхэм я фІыгъэкІэ. хэхэс адыгэхэм Іэмал яІэ хъуащ я хэкум къагъэзэжьынымкІэ. Ар Іуэхущхуэщ, зи пащхьэ кьиувэри ди республикэхэм - Кьэбэрдей-Балъкъэрым. Къэрэшей-Шэрджэсым. Адыгеим - я закъуэкъым, абы унафэ трищІыхьын хуейуэ кьыпльыкьуэІащ Урысей Федерацэм и Правительствэми.

Дауэ гъэзэщІа хьурэ ди лъэпкъым дежкІэ зыкъэзэнэ ин дыдэ зиІэ а Іуэхур? Сытым игъэгумэщІрэ хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэр?

Адэжь щІынальэм къэвгъэзэж

ТХЫДЭР ЩЫХЬЭТ тохьуэ лъэпкъ мащІэхэр дакъуэзу, зэхэзехуэн ящІу игъащІэ лъандэрэ кьызэрекІуэкІам. Абы и щапхъэщ ди лъэпкъым и щхьэм кьрикІуа насыпыншагъэр. А насыпыншагъэм кІэ игуэтакьым адыгэхэм я нэхъыбаІэр хамэ щІынальэхэм кьыщыхута нэужьи. Хамэ щІынальэхэр псэупІэ зэрахуэхьу льандэрэ я фэм дэкІам и гуПъу умыщыхьэми, ильэсищэрэ щэ ныкъуэм нэблІгъауэ ахэр зыхэсыр бзэкІи, хабзэкІи, щэнхабзэкІи зыпэжыжьэ лъэпкъхэрщ. ИтІани хамэ щІынальэхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэм, я нэгу сыт хуэдиз гугъуэкъ щІэкІами, я щхьэр яхьумэжьын яхуэзэфІэкІащ. Адыгэхэр нобэ щыпсэу къэралхэм куэдрэ сокІуэ сэ, сыкІуэху кьэси ди лъэпкъэгъуэм я Адыгэ Хасэхэм я лжьыгъэ щыгъуазэ зыщІущ, адыгэхэр зыдэс жьлагъуэхэм сыдожьэ. Уи гуапэ мыхъупІэр иІэ-кьым дэнэ щІыпІи щыпсэу ди лъэпкъэгъуэм я бзэр, я хабзэхэр, я щэнхабзэр хуэсакъыу зэрыхьумэжьыным иужь зэрытыр щыпльагъкІэ, ПІэщІыгъуэрэ ныкъуэкІэ хамэ лъэпкъхэм яхэс адыгэхэм я щхьэм пщІэ зэрыхуащІыжьым, лъабжьэ быдэ зэраІэм, я гур ираубдым зыми зэрыхуэзфІэмыкІам и щхьхэтщ ар. Абы щэч хэлъхьэм, итІани узытегуэзвыхьын хуейри мащІэкьым.

Ижьрэ из хъужьрыкъым, жаІэ адыгэхэм. Ди жагъуэ хъуми, ар зэрыпэжым щыхьэт техьуэ гуэрхэми ящрохьэлІэ Кавказыр зэгуэр зрагъэбгнауэ щыта лъэпкъ псоми я деж. Абыхэм я тхыдэмрэ я Іуэхур нобэ зытетымрэ тетхыхь гуэрхэм щыжаІэ щыІэщ ди лъэпкъэм кьатепсыха я насыпыншагъэ псори истамбылакІуэм хъаухимыхьауэ, ахэр абы темыуэнэхъуауэ. Апхуэдэ псалъэ зи жьэ кьекІуэнкІэ хъунур ди лъэпкъым и тхыдэм щымыгъуазэ, абы и нобэмрэ и пщэдеймрэ кьызыфІэмыІуэху щыхухэрщ - ар щІэныгъэлІ щрет е политикэм и лжьэкІуэри ирехъуи.

Щэч хэлъкъым: хэхэс хуэми, адыгэхэр хэкІуэдэжакъым, ищхьэкІэ зэрыщыжьытІащи, я бзэри, я хабзэхэри, я адыгагъри яхъумэжьын яхуэзфІэкІащ. Хэхэс адыгэхэм щщІэшхуэ щаІэщ ахэр зыхэс лъэпкъэм, зэрыс къэралхэм я деж. Адыгэхэм зэрэхьащ, ноби зэрахьэ къэрал кьулыкъу ягъэхэр, абыхэм кьажэкІащ щІэныгъэлІ, дзэщІ, жьлагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэхэр. А псор абыхэм кьахуэзыхьыр я цІыкІугъэ льагэмрэ я лІыгъэмрэщ, я акьыльмрэ я щІэныгъэмрэщ - абыхэмкІэ кьахощ адыгэхэр зэрыс къэралхэм, я пщІэр дэни щыльагэщ.

Зыхэс лъэпкъхэм яхэзэгъаеми, хэхэс адыгэхэм я гур зэгуэр ирагъэбгнауэ щыта хэкумкІэ кьызэрыплъэр нэрылъагъущ. Арыншамэ, ахэр хэкІуэдэжауэ, зыхэс лъэпкъхэм яхэшыпсыхьыжауэ плъытэ хъунт, ауэ Іуэхур зытетыр нэгъуэщІщ: абыхэм зыхащІэ зэрыльэпкъ щхьэхуэр, я Хэкужьыр я щыбгъэ кьызэрыдзэр. Ар зыхэзыхыщІэ гуэрхэми ущрихьэлІэнкІэ мэхъу хэхэс адыгэхэм я деж, ауэ апхуэдэхэр зэрымащІэ дыдэм сэ фІыуэ сыщыгъуазэщ, дэнэ щыпсэуми, хэхэс адыгэхэм я нэхъыбаІэм я плъапІэр я Хэкужьырщ, абы кьагъэзэжьырщ, я гурадзэри я гупсысэм хэмыкІри. Абы щхьэкІэ пхуэгъэкъуэншэнукъым ахэр - дэнэ щыпсэуми, ахэр хэхэсщ, ухэхэсыныр Іэфірэ дыджрэ я щхьэкІэ ягъэунэхуауэ.

Куэд щІащ Адыгэ Хасэхэр я Іуэхуи зэрыхуэлажьэрэ. Абыхэм я фІыгъэкІэ хэхэс адыгэхэм фІыуэ зэхащІыкІащ, гува-щІэхами, хамэ лъэпкъхэм хэкІуэдэжьынкІэ хъуну щынагъуэ зэрыщыІэр - аращ хэхэс адыгэхэр нобэ зытегуэзвыхьыр. Ар кьащымыщІын щхьэкІэ, абыхэм ямыгъур зы гъэзугщ - ирагъэбгнауэ щыта хэкум, ешэхэм зэрыжаІэщи, я Хэкужьым кьагъэзэжьынырщ. КІуГуафІэ хъуныкъым а гъэзугр - ар ешэ хэхэсхэми кьагуроІуэ, ауэ нэгъуэщІ хэкІыпІэ яІэкъым, нобэ зыхэс лъэпкъхэм яхэшыпсыхьыжыну хуэмеймэ, абыхэм я гуращэр кьаззремыхьлІэнкІэ, зыхуэлажьэ Іуэхуэри кьызэрыплъэр хъуну. ЛъэпощхьэпО хъур мащІэкъым, мащІэкьым «къэгъэзэжьын» Іуэхур зи нэм бжэгъуэ кьыщІэуэхэри, ауэ абыхэм яхуэзфІэкІыжьынукъым а Іуэхур зэтрагъэувыІэн. Ар ящІэри, хэкум кьихьэжьн мурад зиІэхэм я гущІэри я гурыщІэри нэхъ кьебІэ хъуауэ иужьрей ильэсхэм, а мурадыр кьызэхъуІаи щыІэщ, зэкІэ мащІэми.

Къэбэрдей-Балъкъэрым кьэзыгъэзэжа адыгэхэр нобэ щопсэу Налшык, Бахъсэн, Щэджэм, Тэрч, Нарткъалэ, Дзэпкьыгъэхуэжа. Косовэ кьикІыжа адыгэхэр Махуэхьэблэ дэсщ, нэгъуэщІ къэралхэм кьикІыжауэ Мейкьуапэ щыпсэури мащІэкъым. Иужьрей ильэс 35-м КъБР-м, Адыгеим, Къэрэшей-Шэрджэсым кьагъэзэжащ ди лъэпкъэгъу минищым щІигъум.

КъБР-м щапхъэ тефх

Шэрджэс лъэпкъым и съездым щыжиІам щыщщ

Адыгэм и тэмакъкІыхьагъым кьегъэлъагъэу я кьабзагъэр. фІейуэ адрейхэм кьытпалъхъэм ярылъагъу пщещІ езыхэр зищІысыр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщІэм сбгъапщэу щытмэ, ди жагъуэ зэрыхьуныр, КъБР-м и Іэтащхьэхэм лъэпкъхэм гулъытэу хуащІыр мащІэщ.

ЩАПХЪЭ къэтхьынщ: КъБР-м телевиденэу 3 диІэщ, журналы 6-рэ газети 5-рэ кьыщыдокІ. НэгъуэщІ Іэнатіэхэмкіэ УІэбгъэ, кьытхэр лъэпкъхэр гулъытэнщ.

КъШР-м кьэрэшеи 3 кьэсыу зы адыгэ хуэзэу арамэ, ди дежь адыгэ 5,2-м зы балъкъэр хуоз. Апхуэдэу щыт пэтми, ди тхьэмадэ Іущхэм, жьыжьапльэхэм (дяпэ итахэми иджырейхэми) я фІыгъэкІэ, лъэпкъ зэхуэщытыкІэхэр зэрагъэпсам фэри фІыщІыгъаэщ. Псалъэм папщІэ, КъБР-м и Парламентым и Инфэщэщ балъкъэщ, Конституциэ Судым и Іэтащхьэри, Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэхэм ящыщу нэхъ Іэнатіэ инхэмкІэ жэуап зыхьри, министр 14-м щыщу 4-ри а лъэпкъращ кьызыхьэкІар. Абы кьинщынэмыщІауэ, УФ-м и Кьэрал Думэм КъБР-м и лІыкІуэ депутатищ щыІэщи, зыр урысщ, адрейр адыгэщ, ещанэр балъкъэращ. ИтІанэ зы министерствэ кьэрал комитети диІэкъым, унафэщІыр адыгэмэ е урысмэ, балъкъэр кьуэдзэ имыІэу. Абы и лъэныкъуэкІэ дэ ди къуэш лъэпкъым лей етхыу е арэзы дымыщІауэ зыми жиІэфын хуейкъым.

Дэ кьызэрыпльытэмкІэ, фи деж кьэрэшейхэр щыщынэхьыбэкІэ, аэрри апхуэдэ дыдэу кьыфхущытын хуейщ. Зэман зэхуэмыдэхэм КъБР-м и Правительствэм и Іэтащхьэу щытахэу Черкэсов Георгийрэ Чеченов Хьусейнрэ мызэмитІэу я псалъэм кьыхагъэщауэ щытащ политикэ зэхэзехуэм и бэлыхьыр зышэча лъэпкъхэм ящыщу балъкъэрхэм хуэдэу зыІуэтэжа зэрыщымыІэр.

И кьэпсэльэныгъэм и кІэуахыу, Хьэфіыщ Мухьэмэд лъэпкъ зэхэгъэжьым кьызэщІигъапльэ щэрджэхэсэм чэнджэщ ящтащ фІыуэ емыгугупсысауэ унафэ кьэмышІтэну, лъэпкъым и Іуэху епльыкІэхэр референдумкІэ пхагъэкІыну. Къэрэшеим Парламентым зэхагъэкІыным емыпІэщІэкІыну, гу зыгъыпатпхэ гъэныкьуэ псори зэпашэчыну.

Хэкум къэзыгъэзэжа адыгэхэр щІэх дыдэ яхэсхьыжащ я лъэпкъэгъуэхэм, абыхэм Іэмал псори яІэщ, я анэдэлъхубзэр яхъумэн, я щэнхабзэм зрагъэужьын, еджэн папщІэ. А Іэмалхэр абыхэм кьарет кьыздагъэзэжа кьаралым, апхуэдэ гулъытэр кІуэ пэтми нэхъыбэ зэрыхьунум шэч хэлъкъым.

Илъэсищэрэ щэ ныкъуэм и кІуэцІкІэ щІэбгъэ Іэджэ кьащІыхьауэ хэкур ящІэ зэрагъэбгнауэ щыта адыгэхэм, мелуан бжьыгъэкІэ дунейм текъуэха хъуауэ ахэр. ЗэрыжьитІащи, абыхэм я нэхъыбаІэ пІэм я гур кьоплъэ я Хэкужьымкіэ. Ди щхьэр кьыщІэдгъэпщІэжьын щыІэкъым: апхуэдэ Іуэхущ щІэх зэфІэкІкІыпкъым, абы зэманри кьаруи хуей щІ - ар зэхащІыкІыпхъэщ зэхуэм кьэзыгъэзэжхэм я Іуэхуи и унафэр зэщІынэхуэм.

Хэхэс адыгэхэм я Іуэху кьыщыхьэйкІэ, щыжаІэ щыІэщ: «Кьрекіуэж, щхьэ хэмыкІуэжрэ?» Ешы хэхэсхэм жаІэ: «Дрещэж, щхьэ дамыщэжрэ?» ТІури зэхэщІыкІын хуейщ, тІури, жьпІэнурамэ, захуэщ.

Хэкум кьэзыгъэзэжам ипльапсэ, лэжьыгъэ Іэнатіэ яІэн хуейщ, нэгъуэщІ Іэджи пыщІащ а Іуэхум. Абы кьыхэкІыу Іэпэдэгъэлэп пщІы мыхьуи Іуэхущ ар. Къэбэрдей-Балъкъэрми Адыгеймми я парламентхэм хабзэ хъарзынэ кьащтащ «Репатриантэм (къэзыгъэзэжэм) ятеухуауэ». Ар кьыщІащтар хэкум къэзыгъэзэжхэм зыщІагъэкъуэн щхьэкІэщ. Хамэ къэралхэм щыпсэпу адыгэхэм апхуэдэ хуитныгъэ зэраІэм щыхьэт тохьуэ зи гугъу тщІы хабзэр. Ауэ законым мыхьэнэ щиІэнур ар зэрыбгъэзэщІэн мыльку хуэхэпхмэщ.

Налшыкрэ Минводрэ щожьэри Тыркум, Сирием, Израильм кьхъулъытэхэр макІуэ, абы и фІыгъэкІэ нэхъ благъэ зэхуэхьу, нэхъ щІэх зэлъоІэс а къэралхэм ис адыгэхэмрэ ди республикэм щыпсэухэмрэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и программэм длэжьын хуейуэ кьытпэщыт куэд кьыщыгъэльэгъущІ. Зи гугъу тщІахэм нэмысщІ, едгъэкІуэкІынущ «Іэнэ зыурейхэр», конференцхэр, жармыкІэ зэмылІэужьыгъуэхэр, абыхэм кьрихьэлІэнущ зи ужь дит лъэпкъ Іуэхум ещанэ ныкъуэм Іэджи - щІэныгъэлІхэр, тхакІуэхэр, хьэрычэтыщІэхэр, лІыщъхьэхэр, жылагъуэ лэжьакІуэхэр. Дэ ди мурадщ ди деж щагъэзащІэ инвестицэ программэхэм, налог, таможнэ Іуэхуэхэм кьыщыхьу зэхъуэкІыныгъэхэм зэхэс адыгэхэр зэпымыуэу щыгъуазэ тІщІыну, Іуэхур абы тетынущ дяпэкІи. Апхуэдэ гулъытэр яхуэфащэщ Кавказ зауэ гущІэгъуншэм дунейм трипхъа адыгэхэм я щІэблэм.

«Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэм щытекІуам Іутпыж Борис и тхыпъыр ирет.

ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием хэтхэм Адыгей къэрал университетым и адыгэ факультетым зэІуціэ щыгъаІэкІэ. *2007 гъэ*

КъАХ-м и щІыхь тхьыльыр зыхуаГъэфэща егъэджакІуэм Жыласэ Маритэ йохьуэхьу.



«Си бзэ - си бзэ, си дуней» зэпеуэм щытекІуахэм я концерт.

«Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо зэпеуэм и кІэух зэІуціэм. Абы кьрихьэлІащ балъкъэр лъэпкъым и лІыкІуэхэри. *2007 гъэ*

● Щэнхабзэ


«Кабардинка»

«Меркурий»

«Алан»

Зэныбжьэгъухэм я къафэ

Накьыгъэм и 30-м Налшык къалэм щекIуэкIащ ныбжьэгъугъэмрэ къафэмрэ я концерт. Абы кырихьэлIат ди гъунэгъу щIыналъхэм я къафкIуэ гупхэр: Къэрэшей-Шэрджэс («Меркурий»), Осетие Ищхъэрэ-Алание («Алан»), Осетие Ищэ («Симд»), Шэшэн («Вайнах»), Къалмыкъ («Тюльпан»), Адыгэ («Налмэс») республикэхэм, Ставрополь крайм («Ставрополье») я ЛыкIуэхэр. Хэгъэрейхэм къабгъэдэкIыу концертым хэтащ «Кабардинка», «Балкария» ансамблхэр.

«Тюльпан»

АПХУЭДИЗ къэфакIуэ гуп зэуэ Театр ЩхъуантIэм япэ дыдэ щызэхуэсу арат. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкъхэм я щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я гъуазэщ, хьумакIуэщ. Кавказ Ищхъэрэм и налкъутналмэс мы къэфакIуэ гупхэм къэрал зэхуэмыдэхэм Iэгуауэшхуэхэр щыхуаIэту зыкъыщагъэлъэгъуащ, иджы псори Налшык къалэ щызэхьыхьри, мамырыгъэмрэ ныбжьэгъугъэмрэ зэрагъэлъапIэм теухуауэ концерт ятащ.

ХьэщIэхэм псалъэ гуапэкIэ зыхуагъаззу къэпсэльащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Чеченов Ануаррэ щэнхабзэмкIэ министр Фырэ Русланрэ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэм къабгъэдэкIыу фIэхъус фызох икIи си гуапэу хьэщIэхэр ди щIыналъэ дахэм фыкъыдогъэблагъэ. Къафэмрэ ныбжьэгъугъэмрэ я пшыхьымкIэ сынывохъуэху. Фи гумрэ фи псэмрэ загъэпсэхуну, фи нэгу зиужьыну, ныщхьэрей концертым фи гукъыдэжкIэ кынIэтыну сыщоугуть. КъэфакIуэхэмрэ абыхэм я унафэщIхэмрэ фIыщIэ ин фхузощI, - жиIащ Чеченовым.

- Ди щIыналъэм щыпсэуэхэм къабгъэдэкIыу фыкъебгъэлагъэ вжызоIо! - захуигъэзащ Фырэм хьэщIэхэм. - Ди Iэгуауэхэр зыхэфщIагъэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым иджыри дыкIуарэт, жыфIэн хуэдэу фигу дыдыхьэну сыхуейт.

АдэкIэ Чеченов Ануар къэфакIуэ гупхэм я унафэщIхэм щIыхь тхыгъэр яритащ.

«Вайнах»-м и «Бгырыс къафэмкIэ» яубла концертыр зэи хэмыдыджу дахэу екIуэкIащ. Цыхухэм я нэгу зрагъэужьхьэрэ Iуэхуфl эрыцэфIагъэкIамрэ къагурыIуэжу хьэщIэхэмрэ хэгъэрейхэмрэ зэбгъэдэкIыжащ.

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.

«Симд»

«Вайнах»

«Налмэс»

«Ставрополье»

«Балкария»

Сурэтыщ I ныбжьыщIэхэм я япэ лъэбакъуэ

● Гъэтъэгъуэныгъэ

Министр Фырэ Руслан гъэлъэгъуэныгъэр кьыззIуех.

Сабийхэр хьумэным и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу мэкъуэгъуэм и 1-м Налшык Сурэтыщ I гъуазджэмкIэ мусзейм кьыщызэIуахащ художник цIэрыIуэ икIи сурэт щыныкIэ егъэджакIуэ Ткаченко Андрей и фэеплъэ гъэпсыгъэ. Абы хэтащ КъБР-м, КъШР-м, Осетие Ищхъэрэ-Алание, Дагъыстэным, Ингушым, Шэшэным, Къалмыкым, Осетие Ищэм, Адыгейм, Москва къалэ, Ростов областым я сурэтыщI ныбжьыщIэхэр.

СУРЭТЫЩI гъуазджэмкIэ музейм и унафэщI **Жантуде-вэ Елизаветэ** зэIущIэр кьыззIуихри, псалъэ иритащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Фырэ Руслан:**

- Лэжьыгъэ купщIафIэ куэд кьыззэринэкIащ Ткаченко Андрей, - жиIащ министрым. - Мы гъэлъэгъуэныгъэр и щыхьэтщ абы и гъэсэну щытахэми иджырей щIэблэми а ф1ратыщI цIэрыIуэм и фэеплъыр зэрахьуэкIэ. Мы зэхьыхьэм мы-хьэнэшхуэ иIэщ сабийхэр гъуазджэм дегъэхьэхьынымкIи абыхэм я зэфIэкIхэр кьэхутэнымкIи.

Адэжь утыкур хуит хуащIащ КъБР-м и Парламентым и У нафэщIм и кьуэдзэ **Саенкэ Татьянэ.**

- Сабийхэр хьумэным и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу зэхаубла выставкэм кьегъэльагъуэ ныбжьыщIэ куэд сурэтыщI гъуазджэм зэрыдихьэхыр икIи абыхэм я зэфIэкIыр зыхуэдэр нобэ дагъэльагу, - кьыхигъэщащ Саенкэ Татьянэ. - Мы гъэлъэгъуэныгъэр сурэтыщI ныбжьыщIэхэм я щIэдзапIэ, я япэ лъэбакъуэ кьудейуэ аращ. Ауэ сурэтыщI гъуазджэм и къэкIуэнур елъытащ мы сабийхэм нобэ ягъуэт гулыитэм.

- Андрей кьытхуигъэнащ зэфIэкIышхуэ зиIэ щIэблэ гуащIафIэ, - жеIэ КъБР-м и Сурэтыщ Iэхэм я зэгугъэныгъэм и унафэщIым и къуэдзэ, Ткаченкэ и гъэсэнхэм ящыщ **Бгъэжьнокъуэ Заурбэч.** - Абы и деж зыщагъэсащ сурэтыщI цIэрыIуэ хуэдизкъуэ. Кьыпн Мухьэмэд, Пащты Герман, Зэхьуэхьу Валерэ, Щэшэн Юрэ, Теппеев Хьэзэрэ, Азэмэ т Светланэ, Маргъуд Анатолэ сымэ, нэгъэущI куэдми. Испанием телефонкIэ кьипсэлъыкIри, Ткаченкэ Андрей и цIэкIэ зэхаща гъэлъэгъуэныгъэм зэрыщыгуфIыкIыр кьыджиIащ Кьыщ Мухьэдинми.

Зэпеуэм я IэдакъэщIэкIэр щагъэлъэгъуащ ильэсэн 7 - 15-м ит ныбжьыщIэхэмкIи.

УФ-м и Сурэтыщ Iэхэм я зэгугъэныгъэм хэт **Афанасьевэ Еленэ** зи лэжьыгъэхэр нэхъыфIу кьалыпта ныбжьыщIэхэм я щIэ-унэщIэхэр кьриIуащ: Максимов Антон, Бэкыо Руслан, Шорэ Инал, Еэ дэн Темырлан, Мамбэт Мухьэмэд, Пашэ Залинэ, Атанасовэ Александрэ, Жамырзей Валерэ, Кробец Викторие, Казанцевэ Ксение сымэ, нэгъэущI куэдми. Зэпеуэм зи лэжьыгъэ щызыгъэлъэгъуа ныбжьыщIэ псоми дипломрэ ахъшэ саугъэтрэ, нэгъэущI тыгъэ зэмылIужьыгъуэхэмкIэ яхуэпсащ КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэр. КьыхэгъэщIипхъэщ мыпхуэдэ гъэлъэгъуэныгъэ ильэс кьэс иригъэжкIуэкIыну министерствэм зэрэмурадыр.

«Солнышко» сабий журналым и редактор нэхъыщIхьэ **Накуэ Еленэ** кьыщыпсальэм кьыхигъащащ гъуаджэм т еуауа напэкIуэщI журналым зэрыхэтыр икIи сурэт щыныдихьэх ныбжьыщIэхэм я Iэдакъэщ Iэкъэр редакцэм Iэрагъэхьэмэ, я гуапэу кьыззэрагъэсэбэлъынур.

Зэпеуэм и кIэухыу Ткаченкэ Андрей и щхьэгъусэ Надеждэрэ ипхъу Мариерэ гъэлъэгъуэныгъэр кьыззэгъэгъэпэщахэмэ кърихьэлIахэми фIыщIэ хуащIри, сабийхэм я махуэмкIи екIуэхьуащ.

ТАБЫЩ Динарэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Гу зылъытапхъэ

Фысакъ!

Дунейр хуабэ хьумэ, псы Iуфэхэм зыщызыгъэпсэхуну гукъыдэж зыщIэхэм къахохьуэ. Студентхэм, еджакIуэ цIыкIухэм, зыныгъэпсэхухэм яфIэфIщ псыежэхым е гуэлым я Iуфэхэм дыгъэ зыщрагъэуну, псы щыIэтыIэм щесыну. А псори хъарзынэщ, ауэ сакъын зэрыхуейри зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым.

НАЛШЫК къалэ администрацэм и пресс-Iуэхущ Iапl эм щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, мы гъэм цIыкIухэм зыщагъэпсэхуну гуэлищ хухахащ. ЕтIуанэ, «Курортнэ» гуэлхэм зыщыбгъэпскI хьунущ, кхъуафэжьейхэмрэ катамаранэмкIэ псым тетыну зыфIэфIхэр здэкIуапхъэр «Трек» гуэлырщ.

«Псынэ», «Гъуджэ», «Мэз» гуэлхэр зыхуэщIар бдзэжьей гъэхъунырщ. Абыхэм зыщыбгъэпскI хьунукъым.

Зыгъэпсэхугъуэр гуапэу уигу кьинэжьын хуейщ икIи сакъынгъэр зыщыбгъэгъупщэ хьунукъым. Чэфу псым фыхэмыхьэ, кьыщемыззгъэхэм деж зыщыщIэвмыгъэмбрыуэ, цIыхухэм хухэха щIыпIэхэм псэущхьэхэр щывмыгъэпскI.

Псым зыззэрыщыIыгъынхуей хьэзэр кьызэпызудхэр административнэ жэуапым ирашэлIэнущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● КъБР-м щыIэ МВД-м

Унафэщ Iхэм я деж фыпсалъэ

КъБР-м щыIэ МВД-м я щхьэ щынагъэуэщагъэмкIэ и кьудамэм «зрызигъэжьаблэ» ЕнатIэкIи йоджэ. Ар кьызэрагъэпэщащ милицым и лэжьакIуэхэм хабзэр кьызэпадмэ, кьыщIэгъэщIын, абы кьыджкIуэуи, зи кьалэныр хьэлэту езыхьэкI, хабзэмрэ щынагъуэщагъэмрэ я хьумакIуэ нэсхэм, хуей хьумэ, кьащхьэщыжьын папщIэ.

Кьудамэм и лэжьыгъэр еубзыху цIыкухэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, хьыбаргъащIэ ЕнатIэхэм яныщIаэуэ. Абы и лэжьыгъэр наIуэщ икIи и гурыIуэгъуэщ.

Къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ ЕнатIэхэм я лэжьыгъэм ехьэлIа сыт хуэдэ упщIэкIи цIыкухэм кьудамэм и унафэщIхэм мы телефонхэмкIэ зыпащIэ хьунущ: ОСБ-м и унафэщI милицэм и полковник Бейтыгъэш З. - **40-75-01**; абы и къуэдзэхэу Хьэмырзэ А., Глущенкэ Р. - **40-75-03; 40-75-90.**

Къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ министерствэу КъБР-м и щIыIэ.

«Адыгэ псалъэ» газетым, «Iуащхьэмахуэ», «Нур» журналхэм я лэжьакIуэхэр, Дунейпсо Адыгэ Хасэр, Къэбэрдей Адыгэ Хасэр.

КъулькъужьныщIыр цIыху зэчиифIэкIэ къулейщ

● ДифI догъэтъапIэ

Къулькъужьыр дэс нэхъыжьхэм къызэрагъэтэжьымкIэ, Щоджэнщ ныкIу Алий а къуажэм щыщыIам гуп хэсу мыпхуэдэу хъуэхъуат: «Зэчий зиIэ щIыху куэд фи жьыгъэм кьыдэжьыну Т хьэм жиIэ!»

ЕЗЫМимыIъагъужами, усакIуэшхуэм и хьуэхъур нахуапIэ хуащI. Кьулькъужьым кьыдэкIащ щэнхабзэм, литературэм я лэжьакIуэ зэчиифIэ зыкъом: тхакIуэхэу, усакIуэхэу Дудар Хьэутий, Афlэунэ Лиуан, Сонэ Абдулчэрим, Уэрэзей Аслик, Балькъыз Батий, Емкъуж Мухьэмэд, пшынаIуэ щэрыIуэхэу Пшыхьэщ Мухьэжкыр, Кьуэдз Iэбубэчыр, уэрэджьыIакIуэ Iэзэхэу Батыр Мухьэдинрэ Кьэзан Сэтэнейрэ, нэгъуэщIхэри.

Я кьуажэгъу щэрыIуэхэм ирогушхуэ кьулькъужьындэсхэр икIи, щIэх-щIэжьыу кьрагъэблагъэурэ, ахэр ягъэтыпIэ. Апхуэдэ зэIущIэ ящыщIащ Кьулькъужьым Ипщэ кьуажэм. ЩэнхабзэмкIэ кьуажэм дэт унэм ирагъэблэгъат тхакIуэ Емкъуж Мухьэмэд, урысыбзэкIэ кьыдигъэкIа «Къэдэр жэщ, е ИжьырабгъумкIэ щыIэр» и романым трагъэпсэлъыхьын папщIэ.

Зэхьихьэр егъэкIуэкIыныр зи жэрдэмыр Бахьсэн район администрацэм щэнхабзэмкIэ и кьудамэм и унафэщI Нэхущ Адэзбийрт. Зэ Iущ эм кьрихьэлIат усакIуэ хэу Афlэунэ Лиуанрэ Сонэ Абдулчэрим, кьуажэдэс егъэджакIуэ хэмрэ еджакIуэхэмрэ, районым администрацэм и ЛIыкIуэхэр.

Зэ Iущ Iэр щIыззэхьыхьа тхакIуэ Емкъуж Мухьэмэд и апэ тхыгъэр, «Всемирный потоп» (1994 гъэ) зыфIища повесткр, гунэс ящыхьэт тхыльъедажэхэми критикхэми. Иджы Москва кьыщыдэкIащ а повесткмрэ «Къэдэр жэщ, е ИжьырабгъумкIэ щыIэр» романымрэ зэрыт тхыльыр.

Емкъужым тхыгъэ купщIафIэ икIи хьэлэмэт кьызэрехьулам щыгуфIыкIыкIу, нригушхуэу зэIущIэм кьыщыпсэльащ Бахьсэн район администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Къаздэхьэу Олет, кьуажэ библиотекэм и лэжьакIуэхэу Ужыр Iэсатрэ Бэлгъы Iэминатрэ, егъэджакIуэхэу Азычэ Дусэ, Нэхущ Хьэцацэ, кьуажэдэс кьэхьыжьхьэу Бэч Хьэлий, Нэхущ Хьэжмагуэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

Я Iыхьлы щIалэр зэрагъэтъэпIам папщIэ, кьызэ хуэсакъэм фIыщIэ ящыщIащ Кьулькъужьым Ипщэ щыпсэу Емкъуджхэ я нэхъыжь Батыр. Гуфlэгъуэ зэ хьыхьэр зрагъэджащ щэнхабзэм и лэжьакIуэхэмрэ еджакIуэ хэмрэ. НыбжьыщIэхэр кьеджащ Афlэунэ Лиуан, Уэрэзей Афлик, Сонэ Абдулчэрим, Балькъыз Батий сымэ я усэхэм. Кьызэхуэсахэм гунэс ящыхьэщ Бахьсэн районым и мызакъуэу, республикэм фIыуэ кьыщащIыхуу щыта егъэджакIуэ Жьдау Нурбий и къуэ Арсен кьызэригъэпэща ансамблым, Куба кьуажэм кьикIауэ ящыхьым хэта самодеят ельэнэ гупым, Хьэпюхьущыкьуей щыщ Афэщ Iагъуэ Зое сымэ ягъэзэща уэрэдхэр.

Сэ кьызэрысльытэмкIэ (а гупысэр кьызэдзыыIырын куэд зэрыщыIэр си фIэщ мэхъу), Емкъуж Мухьэмэд и романыр лъэпкъ литературэм дежкIэ лъэбакъуэщIэщ икIи абы зэхэпаща пщIэ щигъуэ тынур дяпэкIэщ - тхыльеджэхэмрэ критикхэмрэ гупсэхуу абы щыщагъэгъуэза нэужьщ.

МЫЗ Ахьмэд.

● Спорт хъыбархэр

Тхэквондо

Командэ кьыхэахэр яубзыху

КъБР-м тхэквондомкIэ и чемпионат Прохладнэ къалэм щекIуэкIащ. Абы республикэм и командэ псорн хэтащ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ бжьыпэр щаубдащ Зэгъэщтокъуэ Артур и гъэсэн Мамхэгъ Астемыр (Дыгулыбгъуей кьу.), Кьубэ-Тэбэ кьуажэм и спортсменхэу Кьрымыкьу эхэ Тимуррэ Нарурызэ, Гъэунэ Хьэсэн сымэ (тренерыр Гъут Рустамщ), БжэныкIэТ Резуан (Дзэлыкьуэкьуажэ), Бахьсэненкэ кьуажэм щыщхэу Джэрыджэ Асльэн, Купшын Азэмэ т, Абрэджхэ Альбинэрэ Индирэрэ (гъэсакIуэр Хьэмбагъэ Анзорщ), апхуэдэуи чемпионатыр щекIуэкIа кьалэм и спортсменхэу Ким Дианэ, Лахин Сергей, Чуйко Вадим, Мэрзей Тимур, Антоновэ Юлие, Агаловэ Рустам, Тё Олег (тренерыр Ким Викторщ) сымэ.

ТекIуэхэм медалхэр зэ, щIыхь тхыльхэр, ахьшэ саугъэтхэр ираташ.

Мы зэхьэзэхуэм и уэкIэ наIуэ къэхьуащ республикэм и командэ кьыхэхахэм хагъэхьанухэр. НыбжьыщIэхэр хэтынущ Есэнтыгу щекIуэкIыну «Кавказым и вагъуэ» дунейпсо турнирым. Щалэгъуалэмрэ балигъхэмрэ я командэ кьыхэхам зыхуигъэхьэзырынущ мы гъэм щэкIу эгъуэм Санкт-Пе тербург щызэхэтыну дунейпсо зэпеуэм.

Чемпионатым кьызэзыгъэпэщар Ким Викторщ. Мылькуку щIэтъэкьуэн яхуэхьащ ТхэквондомкIэ федерацым и президент, КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Чеченов Ануар.

У ЭРДОКЪУЭ Сэтэней.

Атлетикэ псынщIэ

Тхыдэм кьыхэнэну ехьулIэныгъэ

Иджыблагъэ Адлеррэ Сочэрэ щекIуэкIащ ныбжьыкIэхэм атлетикэ псынщIэмкIэ я урысейпсо зэхьэзэхуэ. Ар икIи балдзэуэгъуэм и 8 - 12-хэм Италием щыIэну дунейпсо чемпионатым кIуэнухэр кьыщыхах зэхэсащ.

АТЛЕТИКЭ псынщIэмкIэ олимп резервым и школу Прохладнэ дэтым и гъэсэн Кучинэ Марие лъагэу дэлъеныныкIэ япэ зэпыщIар кьыхах.

Ар кьэралым и ныбжьыщIэ командэ кьыхэхам хагъэхьащ. Кучинэр ди республикэм и атлетикэ псынщIэм и тхыдэм кьыхэнащ - Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу аращ япэ дыдэу дунейпсо чемпионатым хэтыну Iэмал зыгъэутар. Щыджэбз цIыкIур егъасэ Габрилян Геннадий.

А школым и гъэсэн Рыженкэ Ириндискыр дзынымкIэ ещанэ увыпIэр кьихьащ. Спортсмен ныбжьыщIэр ягъасэ Жуков Андрейрэ Исковский Александррэ.

Бокс

Урысейпсо зэхьэзэхуэм щыбэнэнухэр

Бахьсэн кьалэм дэт «Урысейм и щIэныгъуэлъэ» спорт комплексым 1995 - 1996 гъэхэм кьалхуа ныбжьыщIэхэм боксымкIэ я зэхьэзэхуэ щекIуэкIащ. КъБР-м Спортымрэ туризэмкIэ и министерствэм, БоксымкIэ федерацэм, Бахьсэн кьалэ администрацэм кьызэрагъэпэща зэхьэзэхуэм кьрихьэлIащ ди къэралым и щIыналъэ 19-м кьикIа спортсмен 300-м щIигъу.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ и командэ кьыхэхам абы фIы дыдэу зыкъыщигъэлъагъуащ икIи гуп зэхьэзэхуэм япэ увыпIэр кьыщихьащ. А екьулIэныгъэм сэбэп хуэхъуащ «Псынэ» санаторэм и унафэщI Абыдж Хьисэ зэхьэзэхуэм и пэ кьихуэу абыхэм тэмэму загъэсэн папщIэ зыхуей псомкIи кьызэрызэригъэпэщар.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсмен ныбжьыщIэхэм кьахьащ япэ увыпIэу плIы, етIуанэрэ ещанэу тхурыкIу. Апхуэдэу пашэ хьуахэщ Фочышэ Албиян, Бжыкlыкий Мухьэмэд, Зэбакъ Артур, ХьэщlэлlИслъам сымэ.

Зи щIэ кьэтIуа щIалэхэр мэхъуауэгъуэм Анапэ щекIуэкIыну урысейпсо зэхьэзэхуэм хэтынущ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэ

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР **Хьэфыщ Iэ Мухьэмэд** (редактор нэхъыщхьэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Щирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Кьардэн Маритэ, Ныбжьэ Тансэ, Хьэжыкьарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ещанэ катхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхуащ Iапl эм я дзлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапl эм - 42-26-41; суэттехым - 42-75-78.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дышэкl Соня**, редактору **Ныбжьэ Тансэ**, корректорхэу **Афэ Тамарэ** *(2,4-нэ нап.)*, **ПхытIыкIэ Юрэ** *(1,3-нэ нап.)*, корректорхэм я дзэIэныкъуэгъу **Иуан Заирэ.** *Компьютеркlэ газетым и тепlэгъ ящIащ* **Ныр Саидэ, Гъуржэл Рае, Щомахуэ Марианэ,** *суэттыщI* **Бицу Жанэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 21.30-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.425● Заказ №1798